ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№64 (22. 222) ● 2012 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 12, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэрыр езым фІэфІу Урысей къэралым зэрыхыхьэр илъэс 455-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырыныкІмрэ ар егъэкІуэкІыныкІмкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №207-УП-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэрыр езым фІэфІу Урысей къэралым зэрыхыхьэр илъэс 455-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырыныкІмрэ ар егъэкІуэкІыныкІмкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэм, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №207-УП-мкІэ кьиштам, мы къыкІэльыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэгъэхьэн Жылэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым жэуап зыхь и секретарщ);*

б) Кьанокъуэ А.Б. и кьулыкъым зэреджэр мы къыкІэльыкІуэм хуэдэу къэхьан: «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІщ);*

в) Жамбоков В. С. и кьулыкъым зэреджэр мы къыкІэльыкІуэм хуэдэу къэхьан: «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщыр»;

г) къызэгъэпэщакІуэ комитетым кьыхэгъэкІыжьын Абрэдж І. Хь.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм гъатхэпэм и 1-м
№35-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лъэпкъ проект пэрытхэр щыгъэзэщІныжьмрэ демографие политикэмкІэ щыІэ советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щыщылъэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №11-УГ-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лъэпкъ проект пэрытхэр щыгъэзэщІныжьмрэ демографие политикэмкІэ щыІэ советым хэтхэм, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лъэпкъ проект пэрытхэр щыгъэзэщІныжьмрэ демографие политикэмкІэ щыІэ советым теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щылъэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №11-УГ-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн икІи Абрэдж І. Хь. кьыхэгъэкІыжауэ а советым хэгъэхьэн Жылэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэр.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм гъатхэпэм и 1-м
№36-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Ныкъуэдыкъуэхэм я ІуэхухэмкІэ щыІэ советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щылышылэм и 24-м къыдигъэкІа Указ №9-УГ-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхухэмкі щыІэ советым хэтхэм, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхухэмкі щыІэ советым теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щылышылэм и 24-м къыдигъэкІа Указ №9-УГ-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ и Указ:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхухэмкі щыІэ советым хэтхэм, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхухэмкі щыІэ советым теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щылышылэм и 24-м къыдигъэкІа Указ №9-УГ-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ и Указ:

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм гъатхэпэм и 1-м
№37-УГ



Чеченов Ануар и псалъэ гуапэр.

Спикерыр и къуажэгъуэхэм яхуозэ

● ЗэлъщІэхэр

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар Іуащхьэмахуэ районым щыщ Гундэлэн къуажэм дэсхэм яІущІащ. Абы щыгъуащ КъБР-м и Парламентым ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымрэ щІынатІэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ я Іуэхухэмкі и комитетым и унафэщІ Берд Хъэзрэтэлий, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и яп къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым сымэ. ЗэлъщІэм щытепсэльыхьащ Гундэлэн къуажэр яджынсту зэрыт щыгъыкІэмрэ дяпэкІэ нгъуэтыну социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ.

СПИКЕРЫР гупсэхуу едэІуащ и къуажэгъу нэхъыжьхэу Черкесов Хь., Огаровэ А., Хамаев Б., Мэт П. сымэ жаІахэм икІи жыІэм зегъэужьыныкІмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм езыри тепсэльыхьащ. Абы къыхиГъэщхьэхуКІащ къуажэм и Іэтащхьэхэмрэ абы щыпсэу цыхьхэмрэ зэщІыгъуу нкІи зэкъуэту зэдзэлажьэмэ, гугъуехь псори зэрядагъэкІыфынур. «Дэнэ щыпІи апхуэдэ зэдзэлажьэкІэм фІы къыщыдокІу икІи абы Іэмал къет мы Іуэхум Парламентым и депутатхэри къыхэзыныкІмкІэ», - кьыхигъэщхьэхуКІащ Чеченов Ануар.

Къуажэдэсхэм щепсалъэм Чеченов Ануар абыхэм зэхэщыкІыныгъуэ ягурагъІуащ субсидиехэр кьеІыхьныкІмкІэ, къуажэ гъэзугъэр, псы зрикІуэ бжьамийхэр зэгъэпэщыжьыныкІэ, нэгъэщІэкмкІи щыІэ хэкІыпІэхэр. Спикерым кьыхигъэщащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къуажэдэсхэм ядэІэпыкъуну зэрыхьэзырыр нкІи зыхуэфащэ пщэрыльхэр Парламентым и комитетхэм я унафэщІхэм, чэнджэщ пыухыкІаэхэр гъэзэщІакІуэ властым и органхэм яритащ. Чеченов Ануар зэрыжиІамкІэ, а псори зэрагъэзащІэм езыр и щхьэкІэ кІэльыпІэныщ.

ЗэІуущэм хэта псоми зэакъыІэгъуу жаІащ властым и органхэр, абыхэм Парламентри хэту, жылагъуэм ядэлэжьныкІэ щІэблэр зэхэщыкІрэ щэнрэ яхэтщ, республикэм и псоми ягурыІуэу гъэсэныр нэхъыщІхэу дыдэу зэрыщытыр. Чеченов Ануар нэхъыжьхэм ф1ыщІэ яхуищІащ гуапэу зэрыгагъбдэгъам папщІэ икІи хэхаэу жиІащ къуажэдэсхэм я псоригъэ нэхъри ефІэкІуэным рестубликэм и унафэщІхэм зэфІэкІыу аІэр зэрырахьлІэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1анІэ.

● Жэрдэм

ЩІалэгъуалэм я мурадхэр

КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкі и министр Хьыжьрокъуэ Сультан зэрыжиІамкІэ, мы гъэм республикэм и ныбжьыщІхэр хэтынущ Урысей Федерацэм щекІуэкІыну Іуэхугъуэ куэдым.

АБЫХЭМ ящыщу псом яп кьыхэгъэщыпхъэщ дыдэрэт мазэм Къэбэрдей-Балькъэрым щызэхэтыну «ФІым и технологиер» зи фІэщыгъэщІэ Урысейпсо семинарыр. Мы Іуэхум хэтынухэр зэхъуэжэнущ социальнэ маркетингым и Іэмалхэмкі, нэхъ мыхьэнэщхъэ зиІэ проектхэр пхыгъэкІыныкмкІэ икІи гъэбэгъуэныкмкІэ сэбэп хъунущ.

КьищынэмыщІауэ, бадзэуэгъуэм и 9-м щыщІэдзауэ 17-хъуэу Тверской областым и Селигер гуэл Іуфэм щекІуэкІынущ «Селигер-2012» зи фІэщыгъэщІэ Урысейпсо щІэныгъэ зэхъыхьэр. Абы Къэбэрдей-Балькъэрым и щІалэгъуалэм я дІыкІуэ зэчынущ щІыху 25-рэ.

Мы гъэм и бадзэуэгъуэми щыщхъэІуми Пятигорск щылэжьынущ Кавказ Ищхьэрэм и «Машук-2012» щІалэгъуалэ-щІэныгъэ лагерыр. Абыи куэду хэтынущ ди республикэм и ныбжьыщІэхэр.

КъБР-м и бюджетым и Іуэхугъуэхэм хуэхэхынущ сом мелуани 2. Іуэхум хэлъжьыхьыну министерствэхэм, ведомствэхэм кьалэн щащІащ республикэм и щІалэгъуалэр а зэчынущ зэрыхэтынум хуэгъэхъэзырыныкмкІэ лэжьыпхъэхэр яубзыхуну.

КУЭЦУ Ратмир,
КъБР-м и Іэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэм и лэжьакІуэ.

● Мэлыжьыхьым и 12-р Космонавтикэм и махуэщ

Хьэршым кІуэ гъуэгу

Зэпэжьыжьщ Налшыкрэ Байконур космодромымрэ, Налшыкрэ Москва щыІэ Звездэмэ кьалэ щыкІыкІэ зэддэкІмрэ. Ауэ километр бжьыгъэм елыытакъым ди республикэм и гуащІэрыпсеухэмрэ уафэ кьатІбылым гъуэгу щыпхъызыш ди космонавтхэмрэ яку дэлъ зэпыщІныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ. Абы и щыхьэтщ космонавт зыбжанэ мыхъэ-мытІуэ ди деж зэрыщыкъухьэщІэр. А зэІущІэхэм я щІыхьклІ Налшык кьалэ щыхасауэ щытащ Космонавтхэм я жыг хадэ. Абы фэеплъ жыгхэр щыхасащ летчик-космонавтхэу Леонов Алексей, Шаталов Владимир, Волынов Борис, Горбатко Виктор, Николаев Андриян сымэ, нэгъэщІэхэми.

КОСМОНАВТИКЭМ и махуэр щыдгъэльапІэкІэ, сыт щыгъуи дригушхуэу дигу ящыдогъэкІыж хьэршым япэу льэта Гагарин Юрий.

...1961 гъэм сэ журналист курсхэм сыщеджэу Москва сыщыІэт. Мэлыжьыхьым и 12-м пщэдджыжьым Горький Максим и цІэр зезыхьэ музейм сыкъэтІэт хуэдизкІэ сыщІэтауэ, сыкъыщІэжьыкри Ут Плыжьжымкі сыиунэтат. Сурэт техыкІэми дыхуэрагъаджэрти, сурэттехи сбыгът. Зыспплъыхьмэ, псоупІэ унэхэм, Іуэхущ1анІэхэм, шхапІэхэм щІыхьхэр къыщІэжауэ гуфІэу Іэпплъ эращІэкІ. Адэ жыжьэуи щызэхъыхьэх: «Человек в космосе». Сэри а цІыху толькъуным сыхэтщ си сурэттехыр увыІэгъуэ имыІэу тызогъанкІэри. Ауэрэ Ут Плыжьжым сынос. Абыкіи цІыхухэр гуфІэгъуэ зэщІитхъуэжьыхьэрт. Си гъащІэм ящыкІат япэу щыслъэгъуэр апхуэдизу цІыху зэдзэгуфІэу.

Унэхэм кьыщІахьыурэ уэрамхэм кьыдагъэуват радиоприемникэр. Апхуэдэ зым сыбгъэдэлъадэри, ТАСС-м къат хьыбарыщІэм едалуэхэм сахэуващ. Левитан и макъ кьоІу: «1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м дунейм щыяпэу Совет Союзым щІым и хьуреягъ орбитэм игъэкІуащ цІыху зэрыс «Восток» хьэрш кхъухь-спутникыр. Ар зезыгъаІуэр СССР-м и гражданин, летчик, майор Гагарин Юрий Алексей и кьуэрщ».

Пщыхьэщхьэ хьуху сыдэтащ Москва. Ар ещхьт быным гуфІэгъэщхуэ езыта анэм. КьыпфІэщІыпэу ТАСС-м къат хьыбарыщІэм едалуэхэм сахэуващ. Левитан и макъ кьоІу: «1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м дунейм щыяпэу Совет Союзым щІым и хьуреягъ орбитэм игъэкІуащ цІыху зэрыс «Восток» хьэрш кхъухь-спутникыр. Ар зезыгъаІуэр СССР-м и гражданин, летчик, майор Гагарин Юрий Алексей и кьуэрщ».

Пщыхьэщхьэ хьуху сыдэтащ Москва. Ар ещхьт быным гуфІэгъэщхуэ езыта анэм. КьыпфІэщІыпэу ТАСС-м къат хьыбарыщІэм уэздыгъэхэр ныщхьэбэ нэхъ нэхуу, нэхъ гуапэу кьаблэ...

Пщэдджьыжьым киоск гъунэгъуэхэм дызэрыхьащ газет кьэтщэхуну. Дэтхэнэми газетыщ-пІы, нэхъыбэж кьатщэрт. Псоми тетыр зыт - япэу хьэршым льэта Гагарин Юрий и сурэтыр.

Мэлыжьыхьым и 14-м Гагариным и щІыхьклІэ Ут Плыжьжым щызэхэтыну пэкІур кьыткхуэмыгъэсу дыхьэпІащІэрт. Арати, нэхъ дгъэщри, сыхьэти 10-м дежьащ Ут Плыжьжым дыкІуэну. ЦІыхур апхуэдизкІэ Іувти, кьэрал псор Москва щызэхуэса кьыпфІэщІырт. Оркестрхэр уэрам кьэс щызэхэтт, жьыр щІэри кьафэрт. Мавзолейм дыщІолажьым кьэтІльэгъуащ шинельщхъу эщыщІэ летчик хахуэр. Сэри сурэттехэр хьэзыру сыгъэтри, льагэу сІэтри тезгъэпэжащ. Куэдрэ схьумащ Гагариныр зэрыт негативыр, абыкІэ сщІа сурэт иджыри сиІэщ. ІупщІащэ мыхьуами, ар си дежкІэ фэеплъ льапІэщ. Мы уСэри а махуэхэм теухуауэ стхьакащ.

Гагариным и лІыгъэр

Зепхьэным лІыгъэ пылъщ шынагъуэ,
Ауэ лІыхьхьыр кьымкІуэр.
Шынагъуэр, хуэдэу ГьатхэІ пшагъуэм,
ХахуагъэкІэ тыншу Іуегъэкіуэт.
Дакьикьэщ хуейр лІыхьжь хъхуным.
А зы дакьикьэм псэм зехьэжь.
...Температурэ я нэхъ иным
Щыбгъуам зы градус - жыр мэж.
ЛІыхьжь хъхуным хуейр лъэбакьэущ.
Кьэпкіуауэ щытми уэ гъуэгу куэд,
Пхуэмычыжьам лъэбакьуэ закьуэр -
Пшахъхуэщ нт псыуэ, пщІар мэдуэд.
Щыкіуэнум космосым Гагарин
Гупсысэ куэд щызэпишэчащ.
Дакьикьэ закьуэт зыхуеяри,
Лъэбакьуэ закьуэти - ячащ.
Иджы мыкуэ абы и гъуэгу,
Щыхульагъуэу хэти ар ельагъу.
ЛІыхьжь гъэгуанэм тету, уэгур
ЗекІуанІэ зыщІхэм лІыгъэм щагъу.
Гагаринщ япэу дунейм текІыу
Щым и Іэмырым ихьІфар...
Упсэууэ сыт дунейм утеткІэ,
ЛІыхьжьэ лъэбакьуэ пхуэмычам!

КЪАГЪЫРМЭС Борис,
КъБР-м и цІыхубз усакІуэ.

Къущхьэунэ Алексей и махуэ

● Нобэ

ТхакІуэ, журналист Къущхьэунэ Алексей и ныбжьыр нобэ илъэс 70 ирокъури, ди гуапэу дохъуэхъу узыншагъэ быдэрэ екъуІэныгъэрэ иІэну.

УХУАКІУЭХЭР щагъэхьэзыру Налшык дэт училищэр кІиуухыу и Іэщ1агъэм илъэс зыбжанэкІэ ирилэжьа нэужь, тхэным гу хуэзыщІа Къущхьэунэр КъБКУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щІэтІысхьащ. Ар щылэжьащ район, республикэ газетхэм, телевиденэм, ВЛКСМ-м и обкомым, Литфондым и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм, нэгъэущІ Іэнатіэхэми. Алексей и кьалэмпэм къыщІэкІа прозэ тхылъу 11 Налшыкрэ Москварэ къыщыдэкІащ. Абы и тхыгъэхэр зэрадзэкІащ абхъаз, куржы, украин, осетин, шэшэн, финн, мэжкір бзэхэмкІэ.

Къущхьэунэ Алексей гуапэу тепсэльыхьахэр, тетхыхьахэр мащІэкъым. Абыхэм жаІахэри езы тхакІуэм и Іуэху епльыкІэхэри къыщыгъэзыгъуа напэкІуэцІ ди газетым и кьыдэкІыгъуэ гъуэгурыІуэм ящыщ зым тетынущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Абыхэм жаІахэри езы тхакІуэм и Іуэху епльыкІэхэри къыщыгъэзыгъуа напэкІуэцІ ди газетым и кьыдэкІыгъуэ гъуэгурыІуэм ящыщ зым тетынущ.

ЩІалэгъуалэр утыку къохьэ

● Дыгъуасэ

Узыгъэгушхуэщ, узыгъэпагэщ ди адыгэ кьафэр, ди адыгэ джэгур. Ар кьызыгурыІуэ щІалэгъуалэм я бжьыгъэм кІуэ пэтми хохъуэри, ущыщыгуфІыкІ хъуну Іуэхугъуэу кьышІэкІынщ.

ДЫГЪУАСЭ Налшык къалэ, Абхъазым и Утыку, джэгу екІу щызэхашащ. Ар кьызэрагъэпэщащ «Нальчанка» ансамблым хэт ныбжьыщІэхэм. Бэрэбанаухэу Кубатий Аслан, Хьаний Мухьэмэд, пшынауэ Быдымыхь Ахьмэд, кьэфакІуэ Батэ Залым сымэ зэхаубла джэгум щыху куэд кьызэхущІэсат нкІи пщащэхэмрэ щІалэхэмрэ гукъыдэж ин яІэу кьызэдэфащ.

- Мыпхуэдэ джэгуэр куэдкІэ щхьэпэщ. Псалъэм папщІэ, мыбдеж зыныгъэкІэми, щыху хэтыкІэми, кьэфэкІэми нэхъ тегушхуауэ зыщІыбгъасэ, кьищынэмыщІауэ, щІалэгъуалэр дызэкъуегъэувэ, - кьыдэдэгушащ Батэ Залым и гупсысэхэмкІэ.

БАГЪЭТЫР Лунэз.

Абхъаз Утым адыгэ джэгу щокІуэкІ.
2012 гъэ, мэлыжьыхьым и 11

Лъабжьэ зиІэхэр

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Гертер Иван республикэм мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министр Къаздахъу Альберт щыгъуу Прохладнэ, Май районхэм щыІащ икІи а куейкэм Іэщ щагъэхьуу щыІэ Іуэхущ1анІэ зыбжанэм еплъащ.

«ІЭДЭМОКЪУЭ» фермер хозяйствэм и фермэу Альтуд кьуажэм пэмыжьыжьэу щыІэр къыщаплъыхьым, Правительствэм и Унафэщым игу кьиГъэкІыжащ хьэрычэт лэжьакІуэм Іуэхур зэрырегъэжьауэ щыта щыкІэр. Илъэситі хуэдиз и пэкІэ быдыми 150-рэ эшІэхуэну псэуалъэр кьаразэжьа кьудеит. Гертер Иван а лъэхъэнэм Прохладнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэтм, хьэрычэтыщІэм и егупуныгъэр щилъагъум, куейм и кьулыкъущІэхэм унафэ яхуищІащ абы зэран хуэмыхьуну... Иджы быдыму мини 3 зыщІэхуэну комплексыр щыи яуа, Іусымрэ мэкъумылэмрэ Іэщым зэрырагъэпэщІ Германием кьрашауэ яГъэув. Фермэм кьеГъэщІылІа хьэсэхэм нартыху щытрасэри, силосу тонн мини 8 зэрыхуэну мащІэр кьэращыкІащ. Иджыпсту Іуэху ящэн папщІэ фермэм вышІэ 2500-рэ щагъашхэ.

«Риал-Агро» гъэш комплексым и унафэщІ Абазэхэ МуІэзин хьэщІэхэм яригъэлъэгъащ Іэщ1ыхьэхэр зэрылажьэр. Прохладнэ кьалэм пэгъунэгъуэ щыІа Іэщ комплексыр бгьнэжар кьагъэщІрэзщІэж икІи абы щапхъэ зытрах гъэщ фермэм и тепльэ еГъуэт. Иджыпсту мыбы жэм 392-рэ тетщ икІи зэман гъунэгъуэм кьриуфыдзэу ар хуэдэнтІкІэ нэхьыбэ ящыну я мурадщ. Жэмхэр кьызэращ иджырей Іэмэпсымэхэр Германием кьрашри яГъэуващи, абыхэм я фІыщІэкІэ дэтхэнэ зы жэмыщим кьемыхьэлъэкІыу жэм 32-рэ зэрехьэ. ЦІыхухэм я лэжьапІэр яку иту сом мин 19-м нос. Гъэшым щелэжь заводыр щІын яухрэ езы комплексыр и льэщагъ псомкІи кьаГъэсэбэпу щадзэмэ, лэжьапІэр сом мин 30-м нэблэгъэну кьалытэ. Компьютерхэмрэ иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ кьызэгъэпэща фермэм дяпэкІэ щылэжьэну псоми мэкъумэш щІэныгъэ нэхъыщІхэр яІэнущ.

Зэуэ бжэн 40 кьызэраш иджырей комплекс щагъэуващ «Дыщэ щхьэмыж» агро концерным Сарскэ кьуажэм кьыщызэригъэпэща фермэмк. Абы бжэн гъэшыфІэу 500 тетщ.

Иужь дыдэу хьэщІэхэр еплъащ «Янченко» мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэм и тхьэкІумэкІыхь фермэм. Майскэ кьалэм пэгъунэгъуэ щыІэ а Іуэхущ1анІэм тхьэкІумэкІыхьу 2200-рэ егъэхьу. Ар зыужьыныгъэхэхуэщ, ильэситІ япэкІэ хьэрычэтыщІэм лэжьыгъэр ирегъажьэу тхьэкІумэкІыхьэхэр зыужьэнущ 10 кьищэхуауэ зэрыщытар уигу кьэбгъэкІыжмэ, Янченкэ Сергей зэхэлъхьэу КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм ирита бизнес-планым ипкъ иткІэ, мы фермэр комплекс льэщ хъунущ, тхьэкІумэкІыхьылу мазэм тонни 10 кьилажьу.

А псоми кьагъэлъагъэу республикэм и агропромышленнэ комплексым я зыужьыныгъэр. Ар хуэунэтІащ иджырей технологие нэхъыфІ дыдэхэр и лъабжьэу лэжьэныр.

БЖЬЭДЫГЪУ Былъ.

● Мамырыгъэр гъунэгъу?

Сириием и ищхьэрэ лъэныкъэмкІ щызэпачыжа кІащхъэ щыхъуащ терроризмыр кІэ етыным хуэунэтІауэ дзэм илажь Іуэхугъуэхэр. ЗыкъэзыІэтахэм ящыщу щыхъу 227-м абы дыгъуасэ зыщІэтащ, Іэщэм ягъэтІылъри. Афіэкіэ Іэщэ къамыщтэну псалъэ ята нэужь, ахэр псори лутІыпщыжащ.

ООН-мрэ Хьэрыл Къаралыгъуэхэм я Лигэмрэ (ЛАГ) я лыкІуэ Аннан Кофи Сириием и унафэщІхэми абыхэм кьапэщІэтхэми тКІийуэ яхуигъэуващ нобэ сыхьэти 6-м (Сириием и зэманымкІэ) лъэныкъуитІми зэхэуэхэр щагъэтын хуейуэ. Урысей Федерацэм и МИД-м и Іэтащхьэ Лавров Сергей Аннан Кофи кьыхуриджащ оппозицэм Іэщэр игъэтІылъныкмкІэ гурыІуэным пыщІа лэжьыгъэр щІигъэхуэбжьэну.

США-м и Унэ Хужьым и пресс-секретарь Карни Джей щыІэ щытыкІэмкІэ егъэкъуэншэ Асад Башар и правительствэр, Аннан Кофи кьыхилъхьам тету, дзэр иджыри кьэс кьалэхэм зэрядимышІжьамкІэ. Абы и закъуэкъым - США-м и Администрацэм трегъэчныхьэ Асад Башар и тетыгъэр Урысейм диІыгъу, ди къэралыр Сириием щекІуэкІ ухэмкІ къаугъэр зэтегъэувыІэным темылажьэу.

● БынитІ ухуейм...

12-нэ ильэситхум (2011 - 2015 гъэхэм) къриубыдэу ялажьэм хуейуэ Китайм и правительствэм и мубзыхуэ Іуэхугъуэхэм къызэрагъэпэлъагъэмкІэ, сабийуэ я къэралым къыщалъхьэм я бжьыгъэр зэзыгъэзэжуэ политикэм и фІыгъэкІэ, 2015 гъэм КНР-м цІыхуу щыпсэунур мелард 1,39-рэ хуэдизым и деж щыпэтеуныІэнущ. Фигу кьыдогъэ

кІыж: мы гъэм щыщІидзэм Китайм щыпсэууэ кьыщІэжар цІыху мелард 1,34-рэ мэхъу.

Нобэ Китайм и куей нэхъыбэм щыхабзэр зэщхьэгъусэхэм зы сабий фІэкІа ямыІэнырщ. БынитІ зиІэну хуит ищІэр зыпхъу фІэкІа зимыІэ я дэлъхьэшпхъу зимыІэ кьуажэдэс зэщхьэгъусэхэращ. Апхуэдэ политикэмкІэ КНР-и и эксперт куэд арэзыкъым, кьэкІуэну зэманым кьапэхэм щылэжьэн ямыГъуэтыжыну абыхэм кьалытэ.

● Зэдэлэжьэну зэгурыІуэ

Европэм и «ЭкзоМарс» проектыр гъэзэщІэным Урысейрэ хэтынущ. Абы теуха зэгурыІуэныгъэм дыгъуасэ Москва Іэ щыщІадзащ «Урысей хьэрш» Іуэхущ1анІэм и унафэщІ Поповкин Владимиррэ Европэм и хьэрш агентствэм (ЕКА) и Іэтащхьэ Жан-Жак Дорденрэ.

- ЕдгъэжьіэкІа зэпсалъэныгъэхэр и лъабжьэу дэдыззэгурыІуащ, роботехникэм и Іэмалхэр кьэдгъэсэбэпурэ, зэгъусэу Марсым и дунейр дджыну, - жеІэ «Урысей хьэрш»-м и пресс-Іуэхущ1анІэм и унафэщым.

Апхуэдэ кьэхутэныгъэхэм ящыщ зыщ «ЭкзоМарс» проектыр. Ар лъэныкъуитІри зыхуэныкъуэ Іуэху лъэпсейуэ зэрыкІытыгъ, кьалъытэри, зэгухьэу зэдэлэжьэну зэгурыІуащ.

НОБЭ

Космонавтикэм и махуэщ. Илъэс 50 и пэкІэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым игъэуващ, япэу цІыхур хьэрышым зэрыльэтам и фэеплъ.

Дунейм и щытыкІэнур

«meteonovosti.ru» сайтым къыдэритымкІэ, нобэ Налшык щыщІэу уэшх хъыщещхьынущ. Хуабэу махуэм градус 13 - 17, жащым градус 12 - 16 щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 25-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 46-м.

Хьэуам и псыльагъэр кьитІасэнущ процент 44-67-м.

ПІалэнэгъэ зыгъэхьэзырар **ГъУЩІЮ Зарифщ.**

Лъэпкъ Іуащ1ыгъэ:

Псэр ящэри, напэ къащэху.

Республикэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Іуэлъхьэ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкІэ.

Адэжь хэкум нэхъ

Хъуажь Мухьэмэд-Хъер Мусэ и къуэр 1935 гъэм Щамым, Джолан лъагапIэхэм хыхьэ Бирхьэджэм къуажэм къыщалъхуащ. Дамаск дэт университетыр юрист-уэчыл IэщIагъэр иIэу къиухри, шэрихьэтымрэ дунейпсо юрист хабзэмрэ ирилэжьащ.

1977 гъэм и адэжьхэм я Хэкум къигъэзэжащ. Адыгейм илъэс зыбжанэкIэ щыпсэури, Къэбэрдейм къэIэпхъуащ, Кэнжэ мэжджытым и Iимаму мэлажьэ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ зэдзэкIыгъэхэу:

1. МэшбащIэ Исхьэкъ и «Бзиикъуэ зауэ» романыр - *хьэрыпыбзэкIэ.*
2. Джирджий Зейдан и «Мамлюк» романыр - *адыгэбзэкIэ.*
3. Шортэн Аскэрбий и «Къэзанокъуэ Жэбагъы» тхыгъэхэр - *хьэрыпыбзэкIэ.*
4. «Ясин» - *адыгэбзэкIэ.*
5. «КъурIэн лъапIэр» - *адыгэбзэкIэ, Нало Зауррэ Болий Мустэфаррэ я гъусэу.*

Езым и тхыгъэхэу:

1. «Муслъымэным и къалэнитхур».
2. «Жумхьэ хъутIбэхэр».
3. «Мухьэммэд Тхьэм и лIыкIуэщ».
4. «Сэ сымуслъымэнщ, сэ сыадыгэщ».



Хъуажь Мухьэмэд-Хъер. *1979 гъэ*

«Тхьэр зи фIэщ хъууэ зи фIэщхъуныгъэр лей зэрахьэкIэрэ зымыгъэутхъуахэм я гур мамырщ, ахэр гъуэгу захуэм тетщ». (КъурIэн, 6:82)

XIX лIэщIыгъуэм Урысей щэнхабзэмрэ цIыхубэ зэхэтыкIэмрэ здаунэтIыпхъэ лъэныкъуэр урыс интеллигентхэм щызэрагъэзахуэм, къухьэпIэм и хабзэхэм дихьэх «западникхэмрэ» лъэпкъ хабзэжьхэм тетын хуейуэ зыбж «славянофилхэмрэ» зэпеуэу щытащ. Нобэ ди жылагъуэм куу хъуауэ щекIуэкI зэдауэ кIыхьми а тхыдэм и напэкIуэцIыр уигу къегъэкIыж. Адыгэр зэрыщытар, зэрыщымытар е щытын зэрыхуейр щхьэж езым къызэрыгурыIуэм хуэдэу къегъэлъагъуэ. Ар лъэпкъым зэрызиужьым и нэщэнэу щытми, «езыхэм фIамыгъэжар зыфIэхьэрэмхэм» лъэныкъуитIымкIи Iуэхур къыщыщагъэутхъуэр мащIэкъым. «ПсэлъэкIэ зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ», - жыхуаIэраци, зи жыIэпхымыкIым къыщIежьари щогъупщэж. Зи гугъу тщIыр адыгэ псэукIэр «светскэу» щытын хуейуэ зыбжхэмрэ ар диным и закъуэ тегъэпсыхьауэ щытыпхъэу къэзылъытэхэмрэщ. Уи жагъуэ зэрыхъущи, ахэр узыщIэхъуэпсын гуэрым хуэпабгъэу щытми, ткIиягъыр яукъуэдииху, ику ит фIымрэ дахэмрэ тIэщIоху. «Ислъамыр къагъэсэбэпу щIэпхъаджагъэ зезыхьэхэм дащыпэувкIэ, а Iуэхур муслъымэн дин узыншэм еныкъуэкъуным хуэмыгъэкIуэным дыхуэсакъын хуейщ», - жиIауэ щытащ республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м лъэпкъыр зыIуплъа гузэвэгъуэм и ужькIэ. Абы къегъэлъагъуэ ди дежкIэ хэкIыпIэм я нэхъыфIыр - дыщыпсэу дунейри тщIэжу лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ динымрэ абы щымыщымрэ зыгурыдгъэIуэн къалэныр арауэ зэрыщытыр.

«ЦIыху гуп зэчэнджэщу зэхэтIысхьарэ абыхэм «Мухьэмэд» зи цIэ яхэсмэ, ахэр Iэмал имыIэу гупсысэ тэмэмым хуэкIуэнущ», - жиIауэ къаIуэтэж а цIэр япэу зыфIаща, муслъымэнхэм я бегъымбарым. Нобэ ди псэлъэгъу Хъуажь Мухьэмэд-Хъер хуэдэ нэхъыжь щхьэмахуэхэр къытхэсыху захуэр къуаншэм къыхэтцIыхукIыфыну дыщыгугъыу мы напэкIуэцIыр абы хузэIудох.

Адыгэхэм ди Iуэху тхузехуэжыркъым

- Сирием къыщыхъея зэрыхьзэриийм и зэран нэхъ зэкIахэм уэ укъыщалъхуа Бирхьэджэм къуажэри зэрыхиубыдам дыщыгъуазэщ. Уи Iыхьлы, уи благъэ, уи ныбжьэгъу къыдэна къыщIэкIынщ абы. Уепсэлъэфрэ, я хъыбар пщIэрэ?

- ДощIэ, хъарзынэхэщ, Тхьэм и шыкуркIэ. БирхьэджэмкIэ ди псалъэр дублэн щыхъукIэ, тхыдэм тIэкIу дыхыхьэнщ. Щхьэ тIыса а къуажэр абдежым? Кавказ зауэр иуха нэужьщ ди адэшхуэ абэзэхэхэр щикIар, 1864 - 1865 гъэхэм. ТхьэмыщкIэщ адыгэр. Ди Iуэху нэгъуэщIхэм зэрахуэ фIэкIа, дэ езым тхузехуэжыркъым. Кавказым ис адыгэр зытхъумэжыну дыщызауэм, дэ зыри хэдмыщIыкIыу инджылызхэм, франджыхэм, урысхэм ди унафэ ящIащ. Европэм ди Iуэхур щащIэрт, дэ мыбы дыщызауэрт, абы ягу илъым щыгъуазэр мащIэт. Пэжыгъэм дытетт, ауэ дунейм къыщекIуэкIым дыпэжыжьэт. Кавказ зауэ зыхужаIэм, сэ сызэреплъымкIэ, адыгэмрэ урысымрэкъым зэзэуар. ЦивилизацитI зэпэуващ. Адыгэр а пасэрей зэманым щIым делэжьу, дзэ димыIэу, адыгэ хабзэкIэ дыпсэууэ арат. Урыс пащтыхьым завод, зэуакIуэ, къэралыгъуэ - псори иIэт. Дэ иужь дыкъинат. Нобэр къыздэсми дызэрыхуеийм хуэдэу мыбыи, Иорданиеми, Тыркуми ди Iуэхум дрилэжьэну дыщыхуиткъым. Дыхуитщ, езыхэм я пшыналъэм дыдежьумэ. Ауэ дыадыгэщ жыпIэу утыку укъихьэу ядэнукъым.

- Сыт абы и щхьэусыгъуэу къэплъытэр?

- Щхьэусыгъуэр - тетыгъуэр дэтхэнэ лъэпкъми фIыуэ елъагъу. Псалъэм папщIэ, адыгэу Тыркум исым дыадыгэнущ жаIэмэ, Тыркум идэнукъым. Мис, Иракми, Сириеми, Иранми, Тыркуми курдхэр ираукIыхь. ГъэщIэгъуэнракъэ - курдыр и хэкум исыжщ. А здэщысыр езыхэм я хэкужьщ, адрейхэр къэкIуауэ аращ. Хамэ къэкIуам унэрысыр еукI. Адыгэми ди Iуэху тэмэму зетхуэжыфу дыщыткъым. Ди тхыдэр кIыхьщ, тхьэмыщкIэгъуэщ. Дэ щхьэ дикIын хуей хъуа? Мыбы ис нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщхэм: «Уэлэхьи, дэ адыгэхэм дадисынутэм, ауэ езыхэр икIащ диным щхьэкIэ», - жаIауэ щытауэ зэхыбох. Ар пэжкъым. Зыми и Хэку иутIыпщынукъым, и унэм щIэкIыу нэгъуэщI унэ кIуэнукъым. Ауэ Тыркум диныр къигъэфейдащ. «Урысым удэпсэу хъунукъым, урысыр джаурщ», - жаIэу зытха щыIэщ тхылъхэм ярыту. Хьэбжокъуэ Шаукат и тхылъраузэ си гугъэжщ зэрытыр: урысымрэ адыгэмрэ зэфIти, дахэу псэуну щыхуежьэхэм Тыркум ар игу ирихьакъым. Тыркум урысыр и бийт. Кърымым, Балканым, Алыджым щызауэрти, зауэлI хуейт. Къэралыр зауэм хэт щыхъукIэ цIыхухъур зауэм макIуэри, Хэкум лэжьакIуэ къинэжыркъым. ЦIыху хуэныкъуэ хъуат Тыркури, адыгэхэр зауэлIу ишэн щхьэкIэ, ефэндыхэр къигъакIуэурэ лъэпкъыр къызэщIигъэплъащ. Ар пэжу къэхъуа Iуэхущ. Пащтыхьми нэхъ къищтэрт мы щIыпIэр нэщI хъумэ. Генералхэм я тхылъхэм итщ: «Дэ Кавказым дыхуейщ, абы цIыху имысу». Мыбы ирихуну хуейщ, модрейр къоIэбэри ireш. ТIум я кум адыгэр дэкIуэдащ.

Фи цIыхухэм фахуеижмэ, си адыгэхэр къэвутIыпщ!

- Иджы Бирхьэджэм къыдогъэзэж. Адыгэр щикIым а зэманым Сириери, Мысырри, хьэрып къэрал псори Уэсмэн сулътIаным и жьауэм щIэтт. Адыгэхэр а къэралыгъуэм щыкIуэм тырку-куржы гъунапкъэм деж IутIысхьахэщ. Зыкъаужьыжрэ зыкъащIэжмэ, къэзауэу Хэкум къихьэжыну арат. Урыс пащтыхьым ар къиищIэри, Истамбыл дэс сулътIаным хъыбар хуригъэхьащ: «Ей, Тырку! Мы адыгэхэр иджыпсту езэшащ, зауэм хэтащ. Зыкъаужьыжмэ, уагъэтыншынукъым, уэ къыпхурикъужынущ. Апхуэдэу щумыгъэсу зэбгрыш». Тыркум къыщыскIухьащи, жысIэфынущ: дэнэкIи адыгэ къуажэ исщ. Сирием, Иорданием уплъэмэ - мафIэгу гъуэгу Iуфэм Iусхэщ. МафIэгу гъуэгум щIыIуагъэтIысхьар бедуинхэм мафIэгухэр къагъэувыIэурэ къахъунщIэрти, адыгэхэр абыхэм ирагъэзэуэну арат. Зэрыхуеяуи, адыгэхэмрэ бедуинхэмрэ зэрышхыу хуежьащ, апщIондэху Тыркум зигъэпсэхуащ. Аращи, ди тхыдэр гукъеуэщ. Бирхьэджэми адрей къуажэ пщыкIутIри абдеж щIагъэтIысар езы Тыркум и гъунапкъэхэр, мафIэгу гъуэгур ирагъэхъумэну арат.

- Абы щыгъуэ Сириер иджыри къэрал щхьэхуэу щымыту Тыркум щыщт?

- Тыркум иIыгъащ псори.

Адыгэм Хэкур зэи щыгъупщакъым. ИтIанэ зы гъэщIэгъуэн ди лъэпкъым дызолъагъу. Лъэпкъ куэд щыIэщ хуиту я щIыналъэр ябгынэу нэгъуэщI щIыпIэ Iэпхъуэу. Псалъэм папщIэ, инджылызхэм Австралиери Америкэри яубыдри итIысхьащ. Дэ ди Iуэхур щIакъуэ хъуами, Хэкум дикIауэ тхыдэм иткъым.

Мамлюкхэр ирашырт, ядыгъурт, яхьырт, абы и тхыдэр кIыхьщ. Мысырым адыгэхэр тхьэмадэ хъууэ къыщызэфIэувэм, абы ис адыгэхэр зэрыубыдыжащ. Мысырым и тхыдэми хэтщ зы хьэлэмэт. Адыгэхэм пащтыхьыгъуэр къаIэрыхьа нэужь, унафэ ящIащ цIыху щащэ бэзэрыр пащтыхьыр нэмысауэ Iуахыну хуимыту. Ар щIащIэр шэрджэс тхьэмадэу Мысырым исхэр кIуэрт, бэзэрым техьэхэрт, адыгэхэм лъыхъуэрти къыхашырт. Адыгэр хамэм ирагъэщэхуртэкъым. Аращ мамлюкхэр куэд щIэхъуар. А мамлюкхэм ехьэлIауэ хъыбар дахэ гуэр щыIэщ иджыри. Абыхэм ящыщу пащтыхь хъуахэм я лIыкIуэхэр Кавказым къагъакIуэрти, цIыхухэр ирагъашэрт. Псалъэм папщIэ, ХьэфIыцIэр пащтыхь хъуащ. Абы къигъакIуэрти, ХьэфIыцIэхэмрэ абыхэм я благъэхэмрэ иришырт, IэнатIэ яритырт, игъэлажьэрт. Апхуэдэу адыгэ пащтыхь гуэрым къигъэкIуащ зыкъом ишэну. Кхъухьым исуу ахэр ишэ пэтрэ, хым техакIуэу тетхэр (пиратхэр) къатеуэщ, исхэр яубыдри, Истамбыл бэзэрым ящэну яшащ. А хъыбарыр Мысырым дэс адыгэ мамлюк пащтыхьым зэхихащ. Сыт ищIар? И цIыхухэр Каир дигъэхьэщ, Европэм и лIыкIуэхэу посолрэ консулу дэсхэр къригъэубыдри, псори хьэпсым иридзащ. Хъыбар иритащ Европэм: «Мыр фэ фи Iуэху хэмылъу къэхъуакъыми, фи цIыхухэм фахуеижмэ, си адыгэхэр къэвутIыпщ!», - яжриIащ. Адыгэхэр къаутIыпщыжри, итIанэ езым иубыдахэри хуит ищIыжащ. ЗыщIигъэщIэгъуэжын куэд хэтщ адыгэм и тхыдэм.

Зы лъэпкъи сыщыхьэнкъым, ауэ си унагъуэ, си хабзэ схъумэжынщ

- Бирхьэджэм щыIэпхъуам адыгэхэм зыри яIэтэкъым. ЩIыпIэ-щIыпIэкIэ итIысхьахэщ. Ди лъэпкъыр зэкъым, тIэукъым гуэша зэрыхъуар. Хэт кхъухькIэ, хэт щIылъэ гъуэгукIэ икIащ Хэкум. Гъуэмылэу яIэр зэрагъэзахуэрт: гуэдзми, хьэжыгъэми, щIакхъуэми - яIыгъыр яухыху кIуэрт. Яшхын щамыIэжым, епсыххэрти, а здынэсам деж хьэсэ щащIэрт, гъавэ къагъэкIыу къытрахыжыху абдежым щыст, а кърахьэлIар гъуэмылэ ящIыжырти, ежьэжырт. Ар нэхъыжьхэм жаIэжу зэхэсхащ. Иджы хъыбарыщIэхэм содаIуэ: Африкэм мыпхуэдэхэр къежэжьати, ООН-р ядэIэпыкъуащ. Адыгэр сыту сыхьэтмыгъуэт, дэ апхуэдэ насып диIакъым жызоIэ. Мис апхуэдэу хьэлъэщ ди тхыдэр.

Псори зи Iэ къикIар урыс пащтыхьращ. Адыгэм псалъэжь диIэщ: «Бииржь благъэжь хъуркъыми, благъэжь биижь хъуркъым». Сэ жысIэркъым ер къытхуэзыхьа пащтыхьым и щIэблэ лъэпкъышхуэм езэуэн е зыгуэркIэ и жагъуэ щIын хуейуэ... Дгъэбиину дыхуейкъым, ауэ дэ зыдгъэкIуэдыж хъунукъым. Ар жысIэмэ, сэ лъэпкъ зэхэгъэж сщIы хуэдэу къокI. КъизыгъэкIыр зи лъэпкъ, зи бзэ Iумпэм зыщIурэ хэзынэжхэм «Мэлэдец!» яфIэзыщхэращ. «Зы лъэпкъи сыщыхьэнкъым, ауэ си унагъуэ, си хабзэ схъумэжынщ!» - жызыIэр нобэрей махуэм къыкIэрыхуу къыщIрагъэдзынущ.

- Апхуэдэу уигу хэзыгъэщI гупсысэхэр уи щхьэм илъу гугъутэкъэ лъэпкъым ухэзэгъэжыну?

- Иджы дэ «къэкIуэжахэр» сыт дыкъыщIэкIуэжар? Кавказыр сыт щIытщымыгъупщар? Сэ си адэм и адэращ икIар. Ди къуажэм дэт адыгэ мэжджытым хабзэ яIэт Хэкум никI нэрыбгищплIы зэхуэсурэ унагъуэ гуэрым екIуалIэу. Си адэ къуэшыр «Аль-Азхъар» зыхужаIэ Мысыр университетыр къиухауэ ефэндыт. Ар къыщыкIуэкIэ лIыжьхэр нэхъ зытепсэлъыхьыр динрат: Мухьэммэд бегъымбар лъапIэм и тхыдэм, КъурIэным, ахэр зэхэтхырт. А уэршэрхэмкIэ муслъымэн диныр къытхапщащ. Си анэ дэлъхур Къэбэрдейт, МыгъуэлIхэ ящыщу. Абы къэбэрдей лIыжьхэр и гъусэу ди деж къыщыкIуэкIэ сахэтIысхьэмэ, нэхъыбэу жаIэжыр адыгэ таурыхът. Адыгэ таурыхъым Кавказым зэрисахэр, зэрикIахэр, дэ цIыкIу къахьу, мыщэм ебэну зэрыщытахэр - арат зытепсэлъыхьри, дэри абы дыхэту дыкъэушащ. Кавказыр тщагъэгъупщакъым. Иджы дыкъэкIуэжащ.

Кавказыр мы дэ дыкъызыхуэзам тету сэ сщIакъым. ФIым уехъуапсэмэ, нэр щепхъуэ. Зы адыгэ коммунист гуэрым мыпхуэдэу къызжиIат: «Коммунист партым Кавказыр ехъумэри щысщ, урыс къримыгъэхьэу. Адыгэр сыт щыгъуэ кIуэжми игъэтIысынущ», - жиIэри. Си фIэщ хъуащ. ИлъэсиблкIэ и ужь ситащ мыбы сыкъэкIуэжыным. Посольствэм блэнейрэ тхылъ щIэслъхьащ.

- Ямыдэу арат?

- Ядэртэкъым.

- Сытыт щхьэусыгъуэ ящIыр?

- Хъуртэкъым-щIэртэкъым, благъэ уиIэкъым, нэгъуэщI адрес къыдэт. Блэ естащ апхуэдэу. Ебланэу естауэ щамыдэм, посолым деж сыщIыхьащ, щхьэусыгъуэм сыщIэупщIэу. «Уэлэхьи, уи жагъуэ умыщI, мыхъуа», - щыжиIэм, зыгуэру сыкъэхъуащ, езыр згъэгузавэу си макъыр щиубыдыкIащ. ЩIэжри псы къысхуихьащ. Унэм сыкъэкIуэжри мазэ дэкIауэ къызэджащ тхылъхэр схьын хуейуэ. Абы сыт къигъэлъагъуэр? Езыхэрат зымыдэр. Нобэр къыздэсми апхуэдэщ.

КъэкIуэжахэм ящыщ зыкъом изэгъакъым. Абыхэм къащыщIаращ. Псалъэм папщIэ, уэ уи дыщым уокIуэж. УщыкIуэжкIэ, уи анэри уи Iыхьлыри гу хуабагъэкIэ къыппекIуэкIыну къызэфIыбогъэщI. Апхуэдэу ущыгугъыу, уи нысэр и нэщхъыр зэхэлъу къоплъмэ, уи гур мэуз. Пэжкъэ? Аращ къэкIуэжа адыгэхэм къытщыщIар. Мыбы дыкъыщыкIуэжым ди гур къабзэу дыкъэкIуэжащ. Дыкъэсыжри: «Сыт щхьэкIэ фыкъэкIуэжа? А фыздэщыIам щхьэ фыщымыIэжарэ?» - жаIэри къытпежьащ. Гум къыхоуэ ар. ДыкъыздэкIуэжам доплъри: адыгагъэр мащIэщ, ди бзэр хьэхущ, хабзэр щыIэжкъым. Апхуэдэу щыту тщIакъым дэ. Ауэ Хэкур анэм хуэдэщ. И анэр сыт хуэдэу щытми - нэфми, дэгуми, Iэшэми - зыми къуитынукъым. ДыщIегъужакъым. Ди Хэкур сыт хуэдэми, хэхэсу ущытыным нэхърэ, хамэ Хэкум нэхърэ нэхъыфIщ. Хьэрыпхэм я гуэныхь сыхуейкъым, куэду къытхуэфIащ адыгэхэм. Диныр псэхэлъхьэжщ, ар зы. Езыхэри лъэпкъ гъэсащ. Нобэр къыздэсым зы адыгэ хъыджэбз хьэрып унагъуэ ихьэмэ, «адыгэ нысэ диIэщ», жаIэри загъэщIагъуэ. Ар зи фIыщIэр ди адыгэм лIыгъэу ягъэлъэгъуаращ. Ди адэжьхэращ жыхуэсIэр, дэ езыхэм яхуэдэ дыхъужащ. «Нарт» каналым соплъ зымахуи, щIалэжь цIыкIухэм сагъыз ягъэныщкIуу, игъэщIеикIауэ телевизорым къотIысхьэ. Ар хъурэ? Гъэсэныгъэ диIэжкъым. Аращи, Бирхьэджэм и таурыхъыр кIыхьщ.

«Уджаурщ» жиIэу Мухьэммэд зылI иукIакъым

- БирхьэджэмкIэ къедгъэжьа щIэхъуар абы и гукъеуэхэмрэ дыдейхэмрэ «зэблагъэу» къытфIощIри аращ. Щам зымахуэ къикIа лIыкIуэхэм жаIаращ: цIыхухэр зэрагъэзэуэн щхьэкIэ диныр къагъэсэбэп. КъуажитI зэбгъэдэсмэ, мыхэр суннэм тетщ, модрейхэр шиитщ жаIэурэ цIыху къызэщIэплъэгъуафIэхэр къызэщIагъэст, ауэ щыхъукIэ, лъэныкъуитIми ахъшэ езытыр зыщ жаIэ. Ди дежкIи муслъымэным муслъымэныр игъэджаурыжу къежьауэ дызэтокIуадэ.

- Муслъымэн диныр гупсысэщ. Ленин сымэ революцэ щащIым гупсысэу марксизмыр яIащ, франджы революцэми апхуэдэ гуэр и лъабжьэ щIэлъщ. Дэтхэнэ гупсысэми лъэныкъуитI иIэщ: зыр фIыуэ, зыр Iейуэ. Апхуэдэщ сыт хуэдэ гупсысэ къежьэми: зы лъэныкъуэм къарукIэ тригъэкIуэну хэтщ. Адрейм - акъылкIэ. Адыгэм ди динри аращ. Абы жиIэр уфIыну, цIыхур дахэкIэ диным къепшэлIэну аращ. КъурIэным хэтщ мыпхуэдэу: «Джаурхэм пхъашэу яхущыт», - жеIэри. А Iэятыр ямыщIэу е ящIэрэ Кавказым хьэргъэшыргъэ къытхалъхьэну хуейуэ, ягу иралъхьащ зыгуэрхэм. Ауэ джаурыр бгъэбиин хуейщ жиIэркъым КъурIэным. А Iэятми зи гугъу ищIыр къозауэхэращ. Инджылызыр джаурщ, ауэ абы сыкIуэу сыщызэуэну си къалэнкъым сэ.

Джаур псалъэм мыхьэнитI къокI: зыр - Тхьэр зи фIэщ мыхъур. ЕтIуанэр - нэгъуэщI дин итхэр. Муслъымэнхэм ди диным имытым уезэуэну уи къалэнкъым уэ. Хьисэ, Мусэ, Мухьэммэд бегъымбархэм зы цIыху яукIакъым: «Ди диным щхьэ укъимыхьэрэ», - жаIэу. Тхыдэм хэткъым. Муслъымэнхэм я бегъымбар Мухьэммэд зылI иукIакъым: «Уджаурщ», - жиIэу. И гупсысэр утыку кърамыгъэхьэн щхьэкIэ къезэуам зримыгъэукIыу езэуэжащ, аркъудейщ. Мадинэ къалэ здэIэпхъуэжам ехьуд (журт диным ит), чыристан, Тхьэр зи фIэщ мыхъу, дин зезымыхьэххэхэр дэсащ. Зэхуишэсхэри: «Псори дызэхуэдэ цIыхущ, зэгъусэу Мадинэ дыдэсын хуейщи, дызытетыну хабзэхэр дывгъэтх», - жаIэри ятхауэ Тыркум и музейм нобэр къыздэсым щIэлъщ. Аращ муслъымэныгъэр. Мыр е къагурыIуэркъым е ящIэу къэралым драгъэныкъуэкъуну хуейуэ къытхалъхьащ.

Шэшэн зауэр щапхъэу къэтщтэнщ. Дудаевыр къытеувэн и пэкIэ щхьэхуитыныгъэ гуэр къызэрагъэпэщат шэшэнхэм. Ауэ Дудаевым къыкIэрыхъыжьахэщ: «Муслъымэн къэрал умыухуэу хъунукъым», - жаIэри. Арати, зауэм щIидзащ. ЗэрыщIидзэу: «Урыс джаурхэм фезауэ ди къуэш шэшэнхэр», - жаIэу мэрем хъутIбэхэм хьэрып къэралхэм къату щIадзащ. ЦIыху къагъакIуэрт, Iэщэ кърагъэхьырт, езыхэр къызэщIагъаплъэрт. МафIэм хапщащ лъэпкъыр. Сыт абы кърикIуар? Урысейри Европэри бий нэхъ къытхуэхъуащ. Щагъэуащ. Зэуэн хуейуэ тезыгъэчыныхьахэми зыри жаIэжакъым. Шэшэныр тхьэмыщкIэу, зэхэкъутауэ, зыри имыIэу къыщынэм, а къэзыгъэIэлу щытахэр псори кIуэдыжащ. КъурIэным Iэят гуэр итщ абы теухуауэ. ШейтIаныр цIыхум кIэрохъыжьэри, щегъауэ. И Iуэхухэр зэхэзэрыхьа нэужь: «Си Iуэху пхэлъыжкъым», - жи.

- «Сэ къару сиIэтэкъым!»

- «Сэ къару сиIэтэкъым!» (*мэдыхьэшх*). Лъэпкъ Iуэхум акъыл хэлъыпхъэщ. Нобэ ди лъэпкъ, ди бзэ зэрытлъэкIкIэ тхъумэу, зауэбанэм дыхэмыту дыпсэун хуейщ. НэгъуэщIу хъунукъым.

Муслъымэн диным дахэу зиубгъуу хуежьат. ЦIыхубзхэм сыкъыщалъагъукIэ: «Алыхь, си щIалэр КъурIэн йоджэм», «Тхьэ, си щIалэм нэмэз ещIым», - жаIэурэ гуфIэхэрт. Мы къэхъуам (жэпуэгъуэм и 13-м) и ужькIэ диным щышынэ хъуахэщ. Бзылъхугъэ гуэрым къызжиIащ: «Си щIалэр хъарзынэу еджэу, дэри къыдэдаIуэу щытащ, иджы зэIыхьащ». Муслъымэн щIалэгъуалэм ящыщ гуэрым гъусэ хуэщI щыжесIэм: «Хьэуэ, хьэуэ, хьэбыршыбыр хъумэ нэхъ къызощтэ, абыхэм ещхь хъу нэхърэ», - жиIэри къыспидзыжащ. Плъагъурэ зэрызихъуэжар?

- А зы махуэм апхуэдизу диным ягу бгъэдигъэкIащ.

- Диныр куэдым япыIуигъэкIуэтащ. Иджы ар зыщIам дегъэгупсыс. Е диным хищIыкIыртэкъыми, дигъэунэхъуащ. Е диным хищIыкIыу, ауэ дигъэунэхъун щхьэкIэ а къуаншагъэр къытхилъхьащ. ТIумкIи дэращ удыныр зытехуар.

- БгъэдыхьэкIитI нэм нэхъ зыкъыщIидзэу хыболъагъуэ мы Iуэхум. Зы лъэныкъуэкIэ - жьы пхъашэ къызыщIихуахэу диным нэмыджысарэ хуэгъэфэща защIэкIэ е Интернет хъыбаркIэ абы бгъэдыхьэ щIалэгъуалэр. МыдреймкIэ - муслъымэну зызыбжыж, ауэ диным зэрыхамыщIыкIым къыхэкIыу абыхэм емыущиеф нэхъыжьхэр. Ику итращ Iуэху пэжыр жаIэ игъащIэми. Дауэ а пэжыр къэлъэгъуа зэрыхъунур? ЩIэн хуейр сыт?

- Дэ ди закъуэкъым а бэлыхьым хэтыр. Нигерием щыщ муслъымэнхэм зыкъаIэтащ, жи, хъыбарыщIэм содаIуэри: «Ди къэралым чыристан ису ддэнукъым, фикI!». Ар диным жиIэркъым, езыхэм жаIэ. Зэрышхынухэр, диныр зыгъэулъиинухэр сыт щыгъуи куэдщ. Диным ущыпхъэшэн хуейщ жызыIэхэр Америкэм къигъэIэлу аращ. ИлъэсипщI хъуауэ Афганистаным щызэуащ ахэр, «ТIалибан» партыр уэхьэбийхэм ящыщщ жаIэри. А зэрыжаIэм хуэдэуи щытт. Иджы зофIыжхэ. «ТIалибанри» дыщыуат жиIэри къэувыжащ. ЦIыхубз еджэу ядэртэкъым. Апхуэдэ зэхэгъэж диным ищIыркъым: «Уа, си цIыху!» - жи. «Уа, си цIыхубз» хьэмэрэ «Уа, си цIыхухъу» - жиIэркъым. «Уа, Iиман зиIэхэ!» - жи. Дэращ зэхэгъэж зыщIыр, Тхьэм зэхигъэжыркъым. А зэхэгъэжыныр муслъымэн диным еныкъуэкъу Америкэмрэ Европэмрэ къызэщIагъэст. Муслъымэнхэмрэ ахэр зэрыс къэралхэмрэ хьэргъэшыргъэм хэту, зауэ-банэм къыхэмыкIыу, псэукIэншэу, мафIэм хэсу ягъэпсэуну аращ. Сионизмым зы тхыгъэ хэтщ: «Дэ дунейр зэIытщIэн хуейщ. Къэралхэм бзаджэнаджэхэр тхьэмадэ щытщIын хуейщ, щхьэж и щIакхъуэмрэ и псэукIэмрэ тегужьеикIауэ псэун хуэдэу. ИтIанэ дэ тетыгъуэр диIэнущ». Жылэр зэрышхыху, езыхэр хотхъыкI.

КхъыIэ, уи закъуэ мэжджытым умыкIуэ

- КъурIэныр зэбдзэкIыным дауэ утегушхуа?

- СыкъыщыкIуэжам Хэкум сыт хуэсщIэфын жысIэу си гум илът. Диным зыхуэзгъазэри, япэ щIыкIэ «Ясин» сурэр иту тхылъ цIыкIу, жыпым ихуэу, къыдэзгъэкIащ. ИтIанэ «Бзиикъуэ зауэ», «Къэзанокъуэ Жэбагъы» тхылъхэр зэздзэкIащ. Хуэмурэ цIыхухэр нэхъ къэкIуэж хъуащ. Сэ нэхърэ нэхъ Iэзэу, нэхъыфIу тхэ адыгэ щIалэхэр къыщыкIуэжым, а Iуэхум сыхэIэбэжын хуэмейуэ сегупсысащ.

ИтIанэ соплъри, диным зыри тетхыхьыртэкъыми сигу ислъхьащ мыбы зыхуэзгъэзэнщ жысIэри. «КъурIэныр зэдгъэдзэкI», - къызжиIат зыгуэрми, сыкъэщтат япэ щIыкIэ. Си щхьэм илъащ зыкъомрэ сегупсысу.

Сэбихъэрэ Мухьэмэд-Хъеррэ щызэрыша махуэм. *1964 гъэ*



Сэбихьэ. *1960 гъэ*

Хъуажьхэ я унагъуэр. *1976 гъэ*

лъапIэ щыIэкъым

148

- Псапэ хьэмэ гуэныхь жыпIэу арат?

- НтIэ. ИтIанэ, схуэзфIэкIыну-схуэзэфIэмыкIыну. Зы Iэят зэздзэкIмэ, зэIыстхьыжу иIэсэщ хуэдизкIэ екIуэкIащ. Сытезыгъэгушхуари фIыуэ къызэдэлажьэри Болий Мустэфарщ. ИтIанэ Нало Заур. Щыри дызэхэтIысхьэрти, Бгъэрэн Iэятым и мыхьэнэм урысыбзэкIэ кьеджэхэрт. Ар адыгэбзэкIэ къызжеIэжырт. «Техуэрэкьым» жысIэрт. Нало Заур нэгъуэщI псалъэ къыдитырт. Аргуэру «техуэрэкьым» жысIэрт. Гугъу езгъэхьэрт. Зы Iэятым IысыгъуэпсО - сыхьэтитI хуэдиз щытеуцуагъ кIуадэ къэхъурт. Махуэ гуэрым Нало Заур, гъащIэ Тхьэм кърит, къэдгъэгубжьри: «Уэлэхьи, адыгэбзи умыщIэ, хьэрыпыбзи умыщIэ, динми хьумыщIыкI», - жиIэри пиупщIащ. Мустэфар сэрэ хуэм цIыкIуурэ дыкъыщIэкIыжащ. ЕтIуанэ махуэм: «НакIуэ», - жысIащ. «ДыкъыщIихужауи?» «Теужащ ар». ДокIуэри: «Фэра ар?» - жиIэри гуфIэу къытпечкащ.

- Уэ IэщIагъэкIэ ууэчылкъэ? Кубажэ ефэнды хуьбуныр сытым кьыхэхIа?

Сэ ефэнды сихъуну игъащIэм сигу къэкIащ. Юристу сылэжьащ. Пэжщ, щэрихьэтым сыхуеджащ, си адэри Иимаму Сыуелыхь мэжджытым щылэжьащ, си адэ къэушри, зэрымжысIащи, ефэндыт. Диным хуэлажьэ унагъэущ сыкъэшысхьэIар, ауэ ефэнды сыхъуну сигу къэкIатэкъым. Кэнжэ сыкъыщыкIуэжым зэIущIэ ящIри кьызэджахэщ. Ефэнды хуейхэт. Уэ ухъунущ къыщыгъажаIэм, «Хьэуэхьуэ», - жысIэри зытезгъэхьакъым. ЕтIуанэрейуэ апхуэдэ дыдэуэ. Ещанэу IуэгъэжьIуэтыну сыщыхуежьэм, АIуп Хьэралбий, нэхъыжь дидэу къуажэм дэсхэм ящыщым, кьызжиIащ: «Уа, щIалэ, цIыху укъыхэкIакъэ? Къуажэм зэIущIэкIэ ящIа унафэр пкъутэну дэнэ укъыкIа уэ?» - жиIэу къыщысхуэгубжьым сыкъэкIуэтащ.

- Дрэзы укъащIрэ мэжджытым некIуалIэ щIалэхэм, узыгъэгуфIэ яхэт?

- ЩIалэгъуалэр зэIейуэ къежьат Iэуэльауэу, а Налшык къыщыхъуари аракъэ. Загъэбзэджащ, загъэпхъэшащ.

- Зыкъыпхуагъбаззэрт зыгуэркIэ уи жагъуэ ящIу?

- Апхуэдэ гуэрхэри кьыхэщырт.

- Сытыт жаIэр?

- Мэрем нэмэзым хъутIбэ сщIыуэ сэтеуцуагъ: «Абдеж утету ддэнукъым. Удгъэлэжьэнукъым ефэндыуэ, кьех», - жаIэри зыгуэрхэр къэгуоуащ. Ауэ абыхэм ятеприуэнри мыжащIэу къахэкIащ мэжджытым къекIуэлIахэм. Сэ зыри къэмыхьуам хуэдэу си псалъэр иризгъэкъуащ. Ар зы щапхъэу аращ. Къэхъащ зэман: «КъыIэ, уи закъуэ мэжджытым умыкIуэ» - кьыщызжаIа.

- Зыгуэр зэхахыу арат?

- Къыстешыныхьхэрт. ЩIалэгъуалэ нэхъ зыщIэктКийхэр къыспэувынкIэ гузавэхэрт. Ауэ иджы мэжджытым сыкъыщыIуэжу езыхэр къокIуэ, щIалэ хъарзынэхэщ. ЗэрыщIуар къагурыIуэжащ. НетIи къыхэзгъэщащ ар: ари ди хэгъуэгум хьэргъэшыргъэу кьраалъхъам фIыкIэ дыкъелащ дэ. Тетыгъуэм абыкIэ фIыщIэ хузощI. ЩIэх унафэ трищIыхьащ, армырамэ кIыхьлIыхь хъунут. Дауи, ди щIалэзгъуалэр зэрыхэкIуэдар ди гуауэ мыхъуу аракъым, ауэ унафэщI ущыхъукIэ, апхуэдэ къэхъукъащIэхэми хэкIыпIэ кхъуэфбгъуэтын хуейщ. КIыхьлIыхь ящIамэ, ди Iуэхур нэхъ Iей хъунут. Сауд Хьэрьпри, ПIэшэнри, нэхъбзэ къыхэIэбэнурэ нэхъри щIагъэстынут.

Хуеймэ - къыпхуигъэгъунщ, хуэмеймэ - уигъэпшынэнщ

- Иджыри куэд тошыныхь а Iуэхум. Адэ-анэхэм я быным дин зэрахьэ хъумэ, мэгузавэ гуэр мыхъумыщIэ гуэрым зы-хашэмэ, жаIэри. Апхуэдэу диным зигу хуэхъабзэ щIалэгъуалэм зыздигъэзэн, щIэныгъэкIэ зыщигугъын иIэ?

- ПсоРи къызыхэкIыр диным теухуауэ дызыщымыгъазэращ. Ар щэхуэкъым. Ди ефэндыхэм нэмэз закъуэмрэ хьэдэ гъэпскIынымрэ фIэкIа диным хамыщIыкIыу кьекIуэкIащ. Апхуэдэу щытти, исламым кьеныкъуэкъухэм езыхэр зыхуей диныр кьыхапщащ. Иджыпсту ди щIалэгъуалэр гIууэ гуэшащ. Зыкъом иджыри а ткIиигъэм хуейуэ диIэщ. Ауэ, Тхьэм и фIыщIэкIэ, нэхъыбэм гъуэгу захуэр, мамыргъэр къыхах. Дэ зэман Iей дыхэтащ. Анэхэр къыскуэтхьэусыхэрт: «Ди щIалэхэм «Фэ нэмэз фIыщIрикъым, фыщщафIар тшхынукъым», - къыджаIэ. «Къыдэпсалъэркъым, «Нэмэз фщIыркъым» жаIэри». Ахэр диным щыщкъым. Апхуэдэ щIалэхэм щапхъэ кьахуэскъырт. Бегъымбарым и зэманым езым и ныбжьэгъухэу Абу-Бэкр, Уэсмэн сымэ я адэхэр джаурт. Ахэри гугъу ирагъэхьырт, нэмэз зыщIэхэр нобэ зэрырагъэхьым хуэдэу. Бегъымбарым жраIащ: «Уа, Мухьэммэд, сыт тщIэнур? Ди щыбI яхуэдгъаззэу дыбгынэну?» «Хьэуэ, - жиIащ. - Фи адэм, фи анэм жаIэм федэIуэнущ дуней IэхуэкIэ. ДинымкIэ - фемыдаIуэ. Ауэ диным щхьэкIи ахэр Iумпэм фщIыуэ вгъэбий хъунукъым». Аращ жкриIар. ИкIи апхуэдэу щытахэщ. Аращ дэщапхъэ зытетхын хуейр. Иджыри щIалэ пхъашэ гуэрхэм жаIэ: «Бегъымбарым щапхъэ тыдох, дымуслымэнщ». УакIэлъопльри, я дуней тетыкIэр, я Iуэху зехьэкIэр муслымэн зехьэкIэкъым. Мес, пэшэнхэм цIыху зукIри, нэмэзым тоувэж жаIэ. Ар диным щыщкъым. Ауэ хэзымыщIыкIым апхуэдэ гуэр ильагъуху, диным къуаншагъэ хельагъуэ.

Дин къабзэр къыдгурыIуэн щхьэкIэ, деджэн хуейщ. УщыткIиин хуейри, ущыщэбэн хуейри фIыуэ къыдгурыIуапхъэщ. Диным хуедгъэджэн хуейщ цIыхур. Хуегъэджэным кьизгъэкIыр нэщI-нэмэзракъым. Ар фарэщ. Нэмэз щIыпэ-умыщIра - ар уэрэ уи Тхьэмрэ фи зэхуакущ: хуеймэ - кьыпхуигъэгъунщ, хуэмеймэ - уигъэпшынэнщ. Ауэ кьыпхуимыгъэгъунур уэрэ цIыхумрэ фызэрызэхущытращ.

УпщIыупсу, удыгъуаекIуэу, уи гъунэгъумкIэ уIейуэ, уи адэ-анэм уигу яхуэбыдэу, дунейм тет нэмэзыр пщIами - хьэбэсабэщ псори.

Бегъымбарым сыт жиIар? Диныр дунейм уэрэрытет, цIыхум уаэзэрыхэтращ. Уи щэкIэм, уи къэщэхукIэм, сэлам хыкIэм, бгъэдыхьэкIэм - цIыхуу дунейм утетынращ. УцIыхумэ - умуслъымэнщ.

Гузэвэгъуэ зиIэм удэIэпыкъуныр, гуфIэгъуэ зиIэм дэпIэтыныр - ахэращ диныр. Аращ бегъымбарым жиIам кьикIыр: «ГъащIэм уэзэрыхэт». ГъащIэр бгъэдахэрэ хьэмэрэ буцIэпIрэ? БуцIэпIмэ, уи нэмэзи уи нэщIи зыри къыпхуащIэжынукъым. Дегупсысмэ, КъурIэнир къыщIехари, бегъымбархэр къыщIэкIуари сыт? ЦIыхур иуэщIын папщIэщ. ЦIыхур - уэри, сэри, хэти - фIымрэ Iеймрэ зэныкъуэкъуу зэхэльащ. Iейр едудыхыу фIыр къыдэдгъэкIуейуэ зедгъэсэн папщIэщ бегъымбархэр кьыщIэкIуар. Пэжщ, нэщI, нэмэз, сэджыт - ахэр фарэщ. Ар зыщыщ. УмышIу хъунукъым. Ахэр умыщIмэ, сыт умуслъымэнкъым Тхьэм и дежкIэ. «Къаэн пщысщIар щIэ», - жи. ГъащIэмэ лей щызэумыхьэ. ТIури зэхэтщ. Аращи, диным и гупсысэм, и философиэм хуэдгъэджэн хуейщ. НэщI-нэмэзыр иджыпсту дакъикъитхукIэ уэзгъэщIэфынущ. Ауэ гуfigуу уэзэмыгъэщIэфынущ. ЩIэныгъэ цIыху хэтыкIэращ. Мухьэммэдэ бегъымбарым мыпхуэдэу жиIащ: «Кьемэт махуэм цIыхур кьыщытэджыжкIэ, зыкъом жыхьэнмэкIэ яшэнущ. ЦIыхуэхэр еплъынуращ: «Iагъ! Мобы нэмэз ищIырт, сэдэжьыт итырт, хьэжьыщI кIуэрт. Сыт мыхэр жыхьэнмэм щIашэр?» Макъ зэхахынущ: «ФэрыщIагъкIэ ящIащ». ПльагъурэР? ТхьэракъымщIащIар. «Алыхь-Алыхь! Абы хуэдэ щыIа? Ефэндышхуэщ, нэмэз ещI, ефджащ» (*мэдыхьэшх*) жриГъэIэн щхьэкIэ ищIащ. ПэжкIын хуейщ цIыхур.

МышIэныгъэм и щхьэр щIэныгъэ уиIэу уи гугъэжьнращ

- ЦIыхум а зыхуэныкъуэуу хуримыкъур щIэныгъэрауэ куэдрэ кьыщыхъуркъым. «Псори зыщIэрэ» дауэ зэребгъэджэнур?

- «МышIэныгъэм и щхьэр щIэныгъэ уиIэу уи гугъэжьнращ», жаIэкъэ?...

- ЩIалэгъуалэр нэхъыбэу зыгъэбзэлъэрыгъыр тхыгъэ лъапIэхэр урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ, езыхэр зэзыгъэдэIуэфгуэрым «зэпкърихуауэ» кьаIэрохьэри аращ. КъыхапхъуэтыкI зыгуэр апхуэдэ «къурIэнмиу», зэрыхуейм хуэдау «Мыбы къикIыр мыращ» жаIэ. Хьэдис утыку кърахьэри, уригъэжажьэу гупсысэ гуэр щIалэхъэ. НэгъэщIу жыпIэмэ, бзэр зэрыдмыщIэм нэхъ къэгъэщIэгъуэфIэ дещI. Ауэ щыхъукIэ, щIыху лэжьапIэнщэхэр диIэщ зыхэрыпыбзэр дэ урысыбзэр зэрытщIэм хуэдэу ящIэу, егъэджакIуэу лэжьахэу. «Хэкур зыгъуэтыжахэм я махуэм» дызыхуэза куэд тхьэусыхащ «Ди сабийм дыхэрелIэлIэн мылъку тхурикъуркъым, егъэджакIуэу дыщытат, бзэр тхуегъэджынут», - жаIэу.

И адэ Хьуажь Мусэрэ и анэ МыгъуэлI Закиерэ. *Иордание, Сыуелыхь къуажэ. 1968 гъэ*

Хуэажьхэ я унагъуэр Мейкъуапэ къэIэпхъуэжащ. Щыгъэр *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ)*: **Хьуажь Казбек, МыгъуэлI Закие, ЯфIэунэ Абдуи; абыхэм къащхьэщытщ Мухьэмэд-Хьеррэ Сэбихьэрэ.** *1978 гъэ*

Унафэ зыщIымрэ сэбэп хъуфынымрэ зэрымыщIэу дауэ еджа дыззэрыхъунур?

- Иджы къэралым и къалэныр дэтхэнэ зы цIыхури зыхуей хуитIэзэнращ. Еджэну хуейр иригъаджэу, лэжьэнур игъэлажьэу, мэжалIэр игъашхэу, аракъэ? Ар къэрал псоми зэхуэдэу я къалэнщ. Ар имыгъэзащIэ щыхъукIэ, къэралыр къэралыжкъым. Иджыпсту, ди жагъуэ зэрыхъущи, дунейм ущеплькIэ, Iуэху зимыIэхэр, тхьэмыщкIэхэр, уэрамым дэалъхэр куэд мэхъу. Украинэм къыщыхъуар зэхэпхакъэ? ЦIыхуищэм щIигъу щIыIэм иукIащ. ЩIыпнэхэм щIэлъу, гъуэгухэм тельу, вокзалхэм жэщ щагъакIуэу. Апхуэдэ къыщIэкIуэ. ЩIыхьэм езыхэм я мылъкур зэрыхъунращ зытегуэвыхьыр. Къэрал Iуэхур зэрахьэ, езыхэр я къулкъущIэ щэнтхэм тесыфын щхьэкIэ. Абыхэм мыхъумыщIэ куэд щIэмэ кьытрахунущи, зэхуосакъыж. Армыхъумэ, дэ нобэ ди къалэныр цIыхур зыхуей зэудгъэзэныгрэ жаIэу аракъым. А ящIэ тIэкIур щIащIэр мэшынэхэри аращ. ЦIыхум езым и къалэныр ищIэжу, ар игъэзащIэу - апхуэдэ зэхэщIыкI диIэкъым зэкIэ. Иджыпсту дунейм тетыр зоныкъуэкъу, хьэргъэшыргъэ яку ильщ: дэтхэнэми и ахъшэм зэрыхигъэхъуэным, и тетыгъэр зэригъэбыдэным, и щэнтыр нэхъ щафэ зэрищIыным яужь итщ. Гъэсэныгъэ зэмыIэу къызэхэнащ цIыхухэр. Ар къыщежьар нобэкъым. Европэм илъэс щипII-щитху и пэкIэ динымрэ къэралымрэ зэпаудащ. ЩIызэпаудар сыт? УнафэщI пащтыхьхэмрэ щоджэнхэмрэ зэгъуэзэ хъури, цIыхухэр дакъуэзу хуежьащ. Ахэр зэгъуэзэщхьум, Европэм революцэхэр кьыщежьащ. Мопащтыхьыр щытрахум, хабзэжьхэр щакъутэм, члисэри IуагъэкIуэтащ. ТхьэфелIэуу фи члисэм фыщIэсыж, гъащIэм фи Iуэху кьыхэвмылъхьэ», жыхуаIэу. Иджы ар муслымэнхэм кьытхалъхьэну я зэмыIэу къызэхэнащ цIыхухэр. Ар къыщежьар нобэкъым. Европэм илъэс щипII-щитху и пэкIэ динымрэ къэралымрэ зэпаудащ. ЩIызэпаудар сыт? УнафэщI пащтыхьхэмрэ щоджэнхэмрэ зэгъуэзэ хъури, цIыхухэр дакъуэзу хуежьащ. Ахэр зэгъуэзэщхьум, Европэм революцэхэр кьыщежьащ. Мопащтыхьыр щытрахум, хабзэжьхэр щакъутэм, члисэри IуагъэкIуэтащ. «Мусулымэнмэ, нэмэз щыщI мэжджытми къыщIэкIыж. ЩIхьэ ущыпсэлъэн хуей абы?» Ар къыздикIар Европэращ. АрщхьэкIэ да ди динымрэ чыристан динымрэ зэхуэдэкъым. Чыристан диным уигъэIущ, уигъасэ, къоущийуэ аращ. ГъащIэм щхьэкIэ зыри жиIэкъым. ЦIыхуу умыкII, умыдыгъуэ, цIыху кьоуами, уи Iэр хуумыIэт, зыри жумыIэж - апхуэдэ гъэсэныгъэщ. Муслымэнм диныр апхуэдэкъым. Ар экономикэми, дэмэ, политикэми уэрэрыхэтынум топсэльыхь. Аращи, умуслымэну упсэунумэ, муслымэн диныр щхьэхуэ пщIыфынукъым. Иджы муслымэн диным зэрезауэ Iэмалхэм ящыщщ ари: «Уи нэмэз щIы, нэтъуэщIым уи Iуэху хьумэкъхьэ».

Зэгуэр кьалэ исполкомым къызэджащ, Иимамхэм я зэIущIэ Налшык щекIуэкIыу. ЖаIэр кьызгурыIуэрт, ауэ сыхэпсэльэхьыну си урысбзэр щэрыуэгъэкъым. ЕзыгъэкIуэкIыр балъкъэр бзылъхъугъэ гуэрт. Чыристанхэри, екьудхэри, дэри дыщIэсащ. ЦIыхубзым щиухым жеIэ: «Дэ чыристанхэми екьудхэми гугъу драгъэхьыркъым, ахэр тхьэмахуэм зэ я тхьэлъэIупIэм щIохьэ къыщIокIыжхэри, мамыру щысщ. Муслымэнхэм щхьэ тхуэ нэмэз тщIын хуей, щхьэ тхуэ мэжджытым дыщIыхьэн хуей, щхьэ зэIущIэ тщIын хуей? Дагъэпсэуркъым», - жеIэ. Сэ сыкъэльадащ мафIэм хуэдэу, арщхьэкIэ сепсэльэнущи - бзэр сщIэркъым. Адыгэтэмэ, сепсэльэнут. Мис апхуэдэу диныр хаутэ. КьагурыIуэркъыми аращ. А бзылъхъугъэ дыдэр къащI, нэмэз щIыкIэ зыщIэркъым, зы муслымэн кьалэни игъэзащIэркъым, зыхыымыщIыкIыр - диным хищIыкIыркъым. Зыхыымыщ1ыкIыр утепсэльэныхьыр дэнэ нэсра? Диным зыщIэрэ зымыщIэри ёозауэ. Зы шейхъышхуэ гуэр щыIэщ, Юсуф Аль-Къэрэдауи жеIэри. Абы жиIащ: «Иджыпсту цIыхухэр зэхэсу инженер Iуэхум утепсэлъыхьмэ, абы хэзыщIыкIыр псэльэнущ, мыдрейкъэр едэIуэнущ. Дохутыр Iуэху кьыхалъхьэмэ, дохутырхэр псэльэнущ, адрейкъэр щыму щысынущ. Дин Iуэхур кьеГъажьи - псори хэпсэльэныхьнущ». Абы зэрыжиIауэ, зыщIэри зымыщIэри топсэльыхьмэ, куэд хопщэфIыхь.

Зэи умылъэгъуар дауэ фIыуэ зэрыплъагъунур?

- КъурIэным нэмышI сыт нэхъ пфIэфIу уэзэлэжьахэр?

- Бегъымбар лъапIэм и гъащIэм теухуа тхылъ цIыкIу стхащ. ИтIанэ «Муслымэным и къалэнитхуэр» кьыдэзгъэкIащ. Бегъымбарым и гъащIэм теухуар щIэстхар упщIитым жэуап естын папщIэщ. Ар бзаджащIэу, техакIуэу, зэуакIуэу, диныр залымыгъэкIэ къаригъащтэу щытауэ къагъэлъэгъуэну хэтщ зыгуэрхэр. Ялэрей упщIэу згъэувар: бегъымбарыр Тхьэм и лIыкIуэ хьэмэрэ имылIыкIуэ? ЕтIуанэрейр: зэуакIуэт хьэмэрэ мызэуакIуэт? АбыкIэ къэзгъэлъэгъуэну сызыхуейр пэжращ. Сэ пэжу къэсолытэр, си щIэныгъэкIэ сызыщыгъуазэр стхащ. Мыдрейр - цIыхум кьытехуэу къаlandнитхуэ кIэщIу зэпкърысхащ.

- Зи бын зэмыдэIуэж адэ-анэхэм я къалэнитхуэра кьыщIэкIынт я хущхъуэгъуэр. Къэпхьа щапхъэхэми ар кьыхощ. «Жьэ уимыIэн» жеIэри адыгэ псэльафэ гуэр щыIэщ.

- Ун къуэм «Мыбы уемыфэ», жыпIэу, пIэщIэлъ птулькIэребгъэльагъкIэ къодэIуэнукъым. ЦIыхум дэж къыдогъэзэжри, щIэныгъэм я пщэр Алыхьыр пщIэнращ. Уэри, сэри, хэти ар тщIэ хуэдэу щытщ. «Алыхьыр Закъуэщ» жыдоIэри, «Мазэ щыIэщ» зэрыжьатIэм хуэдэщ. Мазэм зыри хэтщIыкIыркъым. Багъуэ щыIэщ - Алыхьри щыIэщ. Апхуэдэкъым. ФIыуэ плъагъун хуейщ. ФIыльагъуныгъэм уимыгъэщIэн щыIэкъым.

- Зэи умылъэгъуар дауэ фIыуэ зэрыплъагъунур?

- Ар упщIа дахэщ. Зы хьэрпл Iа адэжа гуэрым бедуин кьыхуэзащ. «Сеплъынти, Хьэрэ дауэ кьыгурыIуэу пIэрэ мыбы, и диныр здынэсцэр къэсщIэнщ», - жиIэри къумырысым еджащ.

- Сэлам алейкум!

- Уэ алейкум сэлам!

- Умуслымэн?

- Ахьей, сымуслъымэн.

- Хэт уи Тхьэр?

- Алыхьыр.

- Дэнэ щыIэ Алыхьыр, дауэ кьэсщIыхуа хьуну ар? - Еплъыт, мобдежьым сыт щылъыр?

- Махъшэм къыкIэрыкъуар.

- НтIэ, ар кьызыкIэрыкъуар мыбыкIэ блэкIагъэщ, пэжкъ?

- Пэжщ.

- НтIэ, Алыхьри мис апхуэдэущ кьызэрыщIыкъуну. Мы дунеишхуэм зэрызэтеухуам ущеплъкIэ, ар зыгуэрым кьызэригъэщIар наIуэ кьохъу. Аращ Тхьэр.

Мо еджагъэшхуэм «Уэлэхьи, мы Iэщыхъуэр сэ нэхърэ нэхъ губзыгъэмэ», - жиIэри ежьэжащ.

Аращи, Алыхьталэр плъагъунукъым, ауэ и IэщIагъэмкIэ кьыпхуэцIыхунущ. Горький Максим плъэгъуакъым уэ, ауэ и тхыльхэм уеджащи, зыгуэру кьызэфIыбогъащI. Гоголи аращ. Ауэ я гупсысэхэр ующIэ. Дэри мы дунеишхуэм дыщеплькIэ, мы макъыр кьыдэзытар, уэрэ сэрэ дыззэзыгъэпсальэр сыту убжыну? КъурIэным хэтщ мыпхуэдэу: «Алыхьым и фIыщIэр убжыну ухуежьэмэ, и кIэм унэсынукъым». ПэжкъэI? Нэр, жьыр, дунейм и дахагъэр, жыгхэр, помидорхэр, кIэртIофхэр - пхуэбжынукъым. Ар фIыгъуэу езы Тхьэм кьыдитауэ аращ. ЩIэныгъэлXэм жаIэ: Алыхьталэр зыхуэдэм уемыгупсыс, и кIэм унэмысу ухэзэрыхьынущ. ТегъэщIам егупсыси, нэхъ зэхэпщIыкIынущ. Пэжщ, дэри Ар тлъэгъуакъым икIи тлъагъуфынукъым. Ауэ и лъэужьым, кьигъэнам, ищIам деплъмэ, зэрыщыIэр ди фIэщ мэхъу.

Сыхьэт махуэ ежьахэр

- «Сэ сыджауркъым, Алыхьым сыкъызэригъэщIари си фIэщ мэхъу, ауэ сыт махуэ псом зыгъэмэжжаIэу пщыхьэщхьэм сыщIэпхъэжынур?» - жысIэмэ-щэ?

- КъурIэным мыпхуэдэ Iэят итщ: «Фи щхьэ фыщымытхъуж: «Дэ тщIар», - жыфIэу. Алыхьыращ фIы щыIэр». «Сэ сыт си лажьэр, сыт си мыхъуну сщIар? Нэмэз сымыщIкIэ сыт къэхъунур?» - плъагъуэ, КъурIэным «Ахэр жывмыIэ», - жи.

Зышщытхъужыным уигъэпуду аращ. Алыхьым и Iуэхуэ зэшщитхъужмэ, ар Езым и пIэ зибгъэувэжауэ уасэ зыботыж. Ар хъунукъым. Алыхьталэр ищIэу къэдгъэтэжьын хуейщ сабийр. Абы уфIэкIыну нэмэзебгъэщIмэ, хъарзынэщ. Ауэ дэ иджыпсту ди IэхьмыкIымурэ цIыхухэм «А-а-а!» щIыжаIэнумрэ дыхуейкъым. Нэхъ мащIэ дыдэу дызыхуейр ди сабийр Тхьэм фIэлIыкI хуэдизу дгъэсэнращ. Абы хуабжьу дызэхыкъуэщ иджыпсту.

Университетми щIэдгъэтIысхьэнущ, сытри кьыхуэтщэхуэнущ, ауэ нэхъ я хуэщIапхъэр яхуэтщIэркъым. ЩIахуэдэмыщIэр дэ тщIэрэкьыми аращ. Дэ КъурIэным демыджэфми, ди сабийхэм яжетIэн хуейщ: еджакIэ зэгъащIэ, дыкIын хуеджэ. Хэт Мухьэммэдыр? Сыт мусылъмэн диным ихIэр? Хэт Хьисэр? Ленин, Сталин зэрыфщIэм хуэдэу ари зэвгъащIэ. Гъуэгу дахэ тедгъэхьэн хуейщ ди сабийр. ЛIыгъэрэ, хабзэрэ, адыгэм ди динымрэ хэлъу кьэдгъэтэджын хуейщ. Ди тхьидэм щIэIэпIыкIын хуейщ. Школым щрагъаджэми щрамыгъаджэми, дэ яжетIэну кьыттохуэ. Ди адыгэр сыт щхьэкIэ икIа? Щхьэ Тыркум мелуаниба ис? Щхьэ Иорданием, Америкэм, Мысырым ис? Ахэр сыт щIэкIуар? Гупсысэ, жэуап кьэгъуэт. Ди дунейр дахэн щхьэкIэ, диныр тIыгъэшу, абы и гъуэгу адыгэ тхыдэм деджэн хуейщ, Сталин зэрыфщIэм хуэдэу ари гугъэкъым. Аращ нэхъ дыззэлIэлIэн хуейр. Тхьэм фIым дыхуишэ! Тхьэм дыкъихъымэ!

Епсэлъар
ЖЭМЫХЪУЭ
Марьянэщ.

Теолог цIэрыIуэ Цей Джэудэт (*Сирие*) **КъБР-м щохьэщIэ. Абы и гъуэгу Мухьэмэд-Хьеррэ НэкIацэ Владимиррэ.** *2002 гъэ*

Амман дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и хьэщIэщ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд. Мухьэмэд-Хьер ижьымкIэ етIуанэу щытщ. *1972 гъэ*

Экономикэ · Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ · Жылагъуэ

• Усэхэр

Улахуэр ялъэщIыхьэркъым

Мазэ еплIанэ хъуауэ ди газетым къехутэ ипэжыпIэкIэ инфляцэр зыхуэдизыр. Абы папщIэ дэтхэнэ мазэми и кIэухым ди лэжьакIуэхэр тыкуэнхэм догъакIуэ, ЖКХ-м, транспортым тIэщIахым дакIэлъоплъ, цIыхухэм доупщI.

Ди цIыхухэр сыт щыгъуи зыпэплъэр икIи зыщышынэр зыщ - пенсэхэмрэ улахуэхэмрэ хагъэхъуэнырщ, ящIэ абы и ужькIэ занщIэу уасэхэм зэрызаIэтынур. Мэлыжьыхьым абы гу лъамытэнкIэ хъунщ, арщхьэкIэ накъыгъэмрэ мэкъуауэгъуэмрэ псори нэхъ лъапIэ зэрыхъунум шэч къытрахьэркъым...

Хадэншэу дыпсэуфынукъым

Рязань щыщ экономист Рожковэ Светланэ уасэхэм зэрыхэхъуэм егупсысыххэркъым. «Тlум щыгъуэми, бюджетым ирипсэухэм я улахуэхэр зыхурикъур ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр тын, ерыскъыхэкI, унагъуэр зыхуеину хьэпшып гуэрхэр къэщэхун къудейрщ. Пэшыр мащIэу зребгъэхьэн папщIэ уи бгыр щIэпкъузэн хуейщ мазитI-щыкIэ». Абыи нэгъуэщI къалэдэсхэми хуабжьу щIэгъэкъуэн къахуохъу хадэ тIэкIур. «Гъэ къэс хадэхэкI къудейуэ килограмм 50 хуэдиз къыдохьэлIэ. ЖылэхэмрэщIыгъэпшэрхэмрэ сом минитIкIэ къыдо- щэху. Абы хэлъхьэж гъуэгупщIэри. АрщхьэкIэ тедгъэкIуэда псоми нэхърэ хуэдищкIэ нэхъыбэ къыщIыдохыж, пхъэщхьэмыщхьэхэр, мэракIуэхэр яхэплъхьэжмэ. КъетхьэлIа псори езыхэм дошхыж, зыри тщэркъым». ЦIыхубзым сыт и лъэныкъуэкIи гъатхэм зыхуигъэхьэзыращ.

Новгород Ищхъэрэ щыщ Конновэ Татьянэ мыпхуэдэу къегъэсэбэп и пенсэр:

- Лэжьыгъэм и ветеран сэ си пенсэр сом мини 10 мэхъу. ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм сом 2200-рэ, газым сом 200, телефоным соми 100 щIызот. Зы мазэм хущхъуэхэм сом 600 нэхърэ нэхъыбэ зэрытезмыгъэкIуэдэным сыхущIокъу. Зы тхьэмахуэ зэхуакум зы джэд, кIэртIоф килограмм, фошыгъу килограмм, вермишель пачкэ, щIакхъуитI, шэ пакетищ, кефир пакетитI, «Геркулес» пачкэ къэсщэху си хабзэщ. Си къуэрылъхум шоколад цIыкIу хузохь. Нэхъ тыгъэшхуэ щыхуэсщIыр къыщалъхуа махуэм и дежщ. Илъэс хъурейкIэ ахъшэ къыдэзгъахуэу жыпIэ хъунущ. Ауэ сэ си Iуэхур нэхъыфIщ: си ныбжьэгъум и пенсэр зэрыхъур сом 5400-щ. ЩIакхъуэмрэ шеймрэ «тесщ», языныкъуэхэм деж джэд къещэху, тхъуцIыни, пхъэщхьэмыщхьи, гъэши илъагъуркъым. Иджыблагъэ сом 5000 и уасэ хущхъуэ къищэхун хуей хъуащ дунейм ехыжа и анэм къыщIэна ахъшэмкIэ. Арыншамэ, къыхуэщэхунутэкъым...

ЦIыхур тэмэму псэун папщIэ абы сом мини 5 хурикъуркъым. НэгъуэщIу жыпIэмэ и пенсэм хуэдитIкIэ хагъэхъуэн хуейщ...

Хэт зыхухагъахъуэр?

Властхэм къатахэм ятепщIыхьмэ, 2011 гъэм и иужь мазищым Ставропольем педагогхэм ику иту я улахуэр сом мин 14-м щыщIигъуащ. ЩIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и министр Кувалдинэ Иринэ куейхэм макIуэ я лэжьапщIэхэм зэрыхагъахъуэ щIыкIэр егъэджакIуэхэм ягуригъэIуэну. Абы яжреIэ мы Iуэхур дэтхэнэ егъэджакIуэми лъэIэсыну. АрщхьэкIэ махуэ къэс сабийхэм я пащхьэм ихьэ педагогхэм ар зыхащIэркъым. «Сэ адэанэхэм я зэхуэсым сыщыIащ си къуэм щхьэкIэ. ЕгъэджакIуэхэм щхьэтечу къыджаIащ ахъшэншэным къару къазэрыхуимыгъанэр, лэжьыгъэ лей куэд ягъэзэщIэн хуей зэрыхъур. АрщхьэкIэ, я улахуэхэр яхунэгъэсыркъым унафэщIхэм къызэрагъэгугъа сом мин 15-м», - жеIэ Ставрополь щыщ Дементьевэ Ольгэ. Абы и псалъэхэм щыхьэт тохъуэ Краснодар и колледжхэм ящыщ зым щезыгъаджэ Шерловэ Евгении: «Сом мин нэхърэ зымащIэкIэ нэхъыбэ щIагъуащ. Аращи, абы зыкIи си псэукIэр иригъэфIэкIуакъым. Пэжщ, гъатхэм плIэщIэ зыщыстIэгъэфащ».

Инфляцэр апхуэдэу дэкIуеинумэ, илъэсим и кIэм здынэсынур къулыкъущIэхэм зэрыжаIэм хуэдэу проценти 5,5-къым, атIэ проценти 10-ми щхьэдэхынкIэ хъунущ.

ДОНСКИХ Екатеринэ.
«Аргументы и факты».

• Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр

Зыгуэр къагупсысынщ

УФ-м и Президенту хаха Путин Владимир мурад ищIащ урысейхэр игъэгуфIэну. Иджыблагъэ УФ-м и Правительствэм къищта унафэм ипкъ иткIэ къэралым щыпсэухэр накъыгъэ мазэм зэкIэлъыкIуэу тIэунейрэ махуэ плIырыплIкIэ мылажьэу щысынущ.

НЭХЪАПЭМ щыIа хабзэхэм ятепщIыхьмэ, 2012 гъэм зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр зэ фIэкIа ягъэIэпхъуэ хъунутэкъым. Мэлыжьыхьым и 30-м и блыщхьэм кърахыурэ мэлыжьыхьым и 28-м и щэбэтым лэжьэгъуэ махуэр къагъэIэпхъуэну арат. ТекIуэныгъэм и махуэ Накъыгъэм и 9-р зыгъэпсэхугъуэ махуэ закъуэу зыхуэзэ бэрэжьейм къыхэнэн хуейт. Путин Владимир къыхилъхьащ ипэ ит блыщхьэмрэ гъубжымри мылэжьэгъуэ махуэу ягъэувыну. Абы къыхэкIыу иджы урысейхэм зэкIэлъыкIуэу махуиплIкIэ накъыгъэм и 6 - 9-хэм я нэгу зрагъэужьынущ (жытIэнщи, накъыгъэм и 7-м Путиныр УФ-м и Президент къулыкъум зэрытеувэм теухуа Iуэхур екIуэкIынущ). Ауэ накъыгъэ мазэм хиубыдэ щэбэтитI цIыхухэр лэжьэн хуей хъунущ. «Апхуэдэ унафэр тэмэму къызолъытэ. Къэралыр куэд щIауэ щIэхъуэпсырт накъыгъэ зыгъэпсэхугъуэхэм, - жиIащ профсоюзхэм я федерацэхэр зэщIэзыгъэуIуэ советым и унафэщIхэм ящыщ Храмов Сергей. - Абы къыдэкIуэу Путин цIыху Iущу зыкъигъэлъэгъуащ: унафэр хэIущIыIу щищIар гъатхэпэм и курщ. ИпэIуэкIэ ар Правительствэм къищтамэ, абы и унафэр хэхыныгъэхэм щытекIуэнымкIэ къигъэсэбэп Iэмалхэм ящыщ зыуэ ягъэвуунут».

АрщхьэкIэ угуфIэну пасэIуэу къыщIэкIынкIэ хъунущ. ЦIыхухэм гукъыдэж яритыну зэрыхущIэкъур езы премьер-министрым зэран хуэхъури хэлъщ. Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр гъэIэпхъуэным теухуа унафэр хабзэм езэгъыркъым. УФ-м ЛэжьыгъэмкIэ и кодексым и 112-нэ статьям зэрыщыубзыхуамкIэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр ягъэIэпхъуэным теухуа унафэр къащтэн хуейщ ахэр щагъэIэпхъуэну пIалъэр къэсыным мазитI нэхърэ нэхъ мащIэ имыIэжу. Аращи, зи гугъу тщIы унафэр гъатхэпэм и 7-м и ужькIэ къыдагъэкI хъунутэкъым. АрщхьэкIэ властым егъэщIылIа тхылъ псори тезыдзэ «Российская газета»-м а унафэр къыщытехуар гъатхэпэм и 19-рщ. Аращи, къару имыIэу къалъытэ хъунущ. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыу IэнатIэ къезытхэм лэжьакIуэр блыщхьэмрэ гъубжымрэ щамыгъэсыну яхузэфIэкIынущ. Ауэ урысейхэм а махуэм загъэпсэхумэ, ахэр щыс хъунущ лэжьэгъуэ махуэу ягъэува щэбэтитIми. Ягъэлэжьэну ирахулIэмэ, абыхэм къагъэув хъунущ а махуитIым хуэзэ улахуэр тIукIэ нэхъыбэу иратыну. Къэхъуа зэщхьэщыкIыныгъэр зэрагъэкIуэдыжыфыну щIыкIэр зэкIэ гурыIуэгъуэкъым: къэнэжа мазэ иримыкъум кодексым зэхъуэкIыныгъэ хилъхьэну хузэфIэкIынукъым, уеблэмэ езы премьер-министрми.

«Аргументы недели».

• Псы

Дыщэми йолъэпIэкI

ЩIыуэпсым егъэщIылIауэ иджыблагъэ Марсель (Франджы) щекIуэкIа зэхыхьэшхуэм щыжаIащ дунейм щыпсэухэр ерыскъыуэ зыхуеинум 2050 гъэм ирихьэлIэу процент 70-кIэ зэрыхэхъуэнур. КъэкIыгъэхэм щIагъэлъадэ псыр процент 19-кIэ нэхъыбэ хъунущ. Ар цIыху псори зэфэ псым и процент 90-м нос.

ООН-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и дунейпсо зэгухьэныгъэм къитахэм ятепщIыхьмэ, мы зэманым дунейм и цIыхухэм я процент 89-рщ псы тэмэм зыгъуэтыр. ЦIыху мелуан 800-м нэсым (абыхэм я процент 40-р Сахарэ и ипщэ лъэныкъуэм щопсэу) ирафыр псы фIейщ.

А бжыгъэхэмкIэ арэзыкъым Франджым и псапащIэ зэгухьэныгъэхэм ящыщ зыр. Абы къелъытэ псы фIей цIыху мелардитIым щIигъум ирафу.

ЩIы хъурейм щыпсэухэм я процент 63-р IэфIейлъэфIейщ. Индием и цIыху мелуан 600-м (къэралым щыпсэухэм я зэхуэдитIым) псыунэ яIэкъым.

ЮНИСЕФ сабий зэгухьэныгъэм къызэрихутамкIэ, сабий минищым щIигъу махуэ къэс (!) йолIыкI кIуэцI-кIэтIий узхэм. Абы къыхэкIыу ущыпсэуну щынэхъ гугъу щIыналъэхэм къытщIэхъуэну щIэблэр къыщедгъэлын папщIэ зэфэ псыр зыхуэдэм.

Планетэм и процент 70-р псым иIыгъщ. АрщхьэкIэ, абы и процент 98-м нэсыр шыугъэщ. Узэфэ хъуну псыхэм я процент 69-р мылылъэхэрщ здэщыIэр. Зэрытлъагъущи, зы процент закъуэщ цIыхум къигъэсэбэпыр. XX лIэщIыгъуэм хуэдихкIэ нэхъыбэ хъуащ зэфэ псыуэ къагъэсэбэпыр.

Нэхъ гугъу щехьыр Африкэрщ. Зэгуэр телевизоркIэ къагъэлъэгъуащ абы щыщ лъэпкъ гуэрым траха фильм. Ахэр щопсэу щIыналъэ гугъусыгъум, псы здэщымыIэм. Пщэдджыжьым жьыуэ илъэси 7 - 8 зи ныбжьын щIалэ цIыкIурэ хъыджэбз цIыкIурэ гъуэгу тохьэ зы цIыхухъу нэхъыжьыIуэ я гъусэу. Абыхэм япщIэхэдзащ кумбыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Дыгъэвэхым хэту махуэ псокIэ къумым кIуэцIрокI. Пщыхьэщхьэм нос асфальт зытелъ гъуэгум. Ахэр поплъэ автомашинэ къэкIуэным. Дыгъэр къухьауэщ зы джип гуэр щитIысхьар. Лlыр абы исым гурыIуащ сабийхэр псым нигъэсыну, езым игъэзэжащ я хэщIапIэм.

Автомобилым ису сабийхэр жэщ псокIэ кIуауэщ псы къигъэхъуапIэм щынэсар. Ялыгъхэм псыр из ящIри, аргуэру тIысыжащ къэзышэжыным пэплъэу. Ахэр къыщысыжам асфальт гъуэгур щиухым я лъэпкъэгъухэм щыщ куэдыр къапежьат хьэлъэр къумым пхрахыну.

Аращ псым и лъапIагъыр. АбыкIэ жытIэну дызыхуейр зыщ: дызэфэ псым уриджэгу хъунукъым, ар языныкъуэхэм деж дыщэми йофIэкI.

«Московский комсомолец».

• ЕджапIэ нэхъыщхьэ

ЩIэ Iахэр ягъэмащIэ

Мы гъэм къэралым и ахъшэкIэ ирагъэджэну урысей вузхэм щIагъэтIысхьэнущ цIыху мин 490-м щIигъу. Абы щыгъуэми, дыкъызыхэмыкIыф демографие гугъуехьхэм я зэранкIэ нэхъри мащIэ хъуащ щIэтIысхьэну хущIэкъунухэм я бжыгъэр - мин 770-ми нэсыркъым. Зэрытлъагъущи, ныбжьыщIэхэм я нэхъыбэр университетхэм пщIэншэу щеджэфынущ. Адэ-анэхэм ягухэр псэхужынщ, ауэ ар я гуапэ хъунукъым лэжьыгъэ къезытынухэм.

- МЫ ЗЭМАНЫМ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтыфынущ еджэкIэрэ тхэкIэрэ зыщIэ псоми. Ауэ абы ди къэралым щыхегъэщI щIэныгъэм и фIагъым, - зиумысыжащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм цIыхухэм IэщIагъэ зэрырагъэгъуэт щIыкIэм зегъэужьынымкIэ и департаментым и унафэщI Шепелев Геннадий.

Пэжщ, Iуэхум хэIэбэнущ унейуэ щыт вузхэри. Мы гъэм къыщыщIэдзауэ абыхэм щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ пщIэншэу щIагъэтIысхьэ икIи стипендиехэр ират хъунущ. Аращи, ныбжьыщIэхэм ящыщ Iыхьэ а вузхэм кIуэнущ. Апхуэдэ щытыкIэм языныкъуэ университетхэр ирихулIэнущ ахъшэкIэ ирагъаджэхэм Iах пщIэр ягъэмэщIэным. ХабзэщIэхэм япкъ иткIэ, ар хуэдизын хуейщ къэралым зы студентым хухих ахъшэм (сом мин 60-м къыщыщIэдзауэ мини 112-м нэс).

Къэралым и ахъшэкIэ иригъэджэну вузым студент нэхъыбэ къищтэн папщIэ нэгъабэ фIыуэ зыкъигъэлъэгъуауэ щытын хуейщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, олимпиадэхэм щытекIуа, ЕГЭ-мкIэ балл инхэр зиIэу куэд щIэтIысхьауэ. Абы къыдэкIуэу къалъытэнущ зыхурагъаджэ IэщIагъэм щIыналъэм и экономикэмкIэ иIэ мыхьэнэр зыхуэдизыр.

ВАРЛАМОВЭ Дарье.
«Комсомольская правда».

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

• Канадэ

Канадэм абы щыпсэуну е щылэжьэну Iэпхъуэхэм егъэщIылIа Iуэхухэмкlэ и министр Кинни Джейсон иджыблагъэ а IэнатIэм теухуа хабзэщIэм и проект парламентым къыщыхилъхьащ. Ар хуабжьу ткIийуэ бгъэдохьэ къэралым цIыхухэр къэIэпхъуэным и Iуэхум. Къапщтэмэ, тезырышхуэхэр тралъхьэнущ Канадэм цIыхухэр щэхуу зыгъэIэпхъуэхэм, апхуэдэу нэхъ псынщIэу зэфIагъэкIынущ ахэр Канадэм и щIыналъэм игъэIэпхъукIыжыным ехьэлIа Iуэхухэр. Кинни и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, хабзэщIэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар хуитыныгъэншэу Канадэм нэгъуэщI къэралхэм ящыщ цIыхухэр ямыгъэкIуэнырщ.

• ФэеплЪ

Ар сыткIи щапхъэт

«ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Абы щапхъэ техъуэ Iуэхугъуэ куэд гъащIэм дыщрохьэлIэ. Гурэ псэкIэ зи лэжьыгъэм пэрыт цIыхум и пщIэр лъагэщ, апхуэдэхэр гъащIэм гъуазэ щохъу, я Iэужьхэр мыкIуэдыжыну дунейм къытонэ... Апхуэдэхэм ящыщщ ди тхыгъэм зи гугъу щытщIыну, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщIу щыта Мэкъуауэ Илья Хьэжысуф и къуэр. Ар зыцIыхуу щытахэм ягу къинэжащ зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Iуэхури нэсу зыфIэзых, пщэрылъ къыщащIхэр жэуаплыныгъэ хэлъу зыгъэзащIэ лэжьакIуэшхуэу.

Мэкъуауэ Илья Тэрч прокуратурэм щылажьэу. *1970 гъэ.*

МЭКЪУАУЭР 1937 гъэм Анзорей къуажэм къыщалъхуащ. Зи сабиигъуэр зауэ, абы и ужь лъэхъэнэхэм хиубыда Илья гугъуехь куэд и нэгу щIэкIащ, ауэ абыхэм ар къызэфIагъэщIакъым, атIэ дерс къыхихауэ, и нэхъыжьхэм зыхуаущия хабзэ, нэмысыр и Iэпэгъуу балигъ гъащIэм хыхьащ.

Къуажэ еджапIэ нэужьым Илья щIэтIысхьащ Налшык дэт педучилищэм, 1958 гъэм ар къиухри, Анзорей курыт школым и пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу лэжьэн щIидзащ. ЩIалэр жыджэру, акъылыфIэу зэрыщытым гу лъатэри, куэд дэмыкIыу Лэскэн район цIыхубэ судым и секретару ягъэуващ. Абы щылажьэурэ дзэм къулыкъу щищIэну ираджащ, иужькIэ Саратов юридическэ институтым щIэтIысхьащ. Япэ махуэхэм щыщIэдзауэ Мэкъуауэм къигъэлъэгъуащ зыхуеджэ юрист IэщIагъэм теухуауэ зэчий зэрыбгъэдэлъыр.

Юридическэ институтхэм я студент нэхъыфIхэр зэреджэм хуэдэурэ лэжьэну хуит щащIым, Илья КъБАССР-м и МВД-м Тэрч районым щиIэ къудамэм и следователу ягъэуващ. Абы зэрыщыIа илъэс зыбжанэм Илья къыщIигъэщащ а куейм щызэхащIыхьа мыхъумыщIагъэ куэд. Къэхъуакъым ар зыпэрыхьа Iуэхур и кIэм щынимыгъэса е и лэжьыгъэм ныкъусаныгъэ гуэр хэлъу къыщыжраIа. «Следователым и лэжьыгъэм япэ игъэщыпхъэ е иужь къигъэнэн хуей, нэхъыщхьэ е мыхьэнэ зимыIэ Iуэху хэлъкъым. Дэтхэнэ зы Iуэхуми и зэхэгъэкIыным набдзэгубдзаплъэу, сакъыу упэрыхьэн хуейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абдеж щыпIэщIэкI зы щыуагъэ цIыкIум и зэранкIэ цIыху гъащIэ пхуэкъутэнущ», - жиIэрт зыпэрыт IэнатIэм и гугъу щищIкIэ Мэкъуауэ Илья. Жэщ-махуэ ищIэртэкъым, лэжьыгъэ къыкъуэкIамэ, ар тэмэму зэфIимыхауэ етIысэхынутэкъым.

ЩIэпхъаджагъэхэр зэхэгъэкIынымкIэ зи хъэтI зиIэж щIалэм кIуэ пэтми и зэфIэкIым хэхъуэрт, и ехъулIэныгъэхэми фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр къыпэкIуэрт. Апхуэдэу лажьэурэ, 1970 гъэм Мэкъуауэ Илья къыхуагъэфэщащ Тэрч куейм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу къулыкъур. А IэнатIэм ар илъэсихым нэскIэ, Тэрч район цIыхубэ судым и цIыхубэ хеящIэу хахыхукIэ, пэрытащ.

ИужькIэ илъэс 20-м щIигъукIэ Мэкъуауэр хеящIэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылэжьащ. 1982 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м Аруан район цIыхубэ судым и унафэщIу ягъэуващ, 1987 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм хахащ, илъэситI нэхъ дэмыкIыу абы и унафэщIу ягъэуващ.

Сыт хуэдэ лэжьыгъэ иримыхьэкIами, Iуэхум нэхъыфIу зэрызыхигъэгъуэзэным, зыбгъэдэт IэнатIэр фIыуэ зэрызэрихьэным хущIэкъуу апхуэдэт Илья. ЦIыхугъэ лъагэ зыхэлъ Мэкъуауэр захуагъэм сытым дежи и телъхьэт, цIыхухэр пэжыныгъэкIэ зэбгъэдэтын хуейуэ къилъытэрти, апхуэдэ гуэр ядимылъагъумэ, ар и жагъуащэ хъурт.

Iуэхутхьэбзэ, дэIэпыкъуэгъу хуейуэ абы къыбгъэдыхьэ щигъэщIэхъу къэхъуртэкъым. «ЦIыхум пхузэфIэкIымкIэ зыщIэгъэбкъуэн хуейщ, уи япэкIэ бгъэжа мывэр гува-щIэхами къыппекIэрэхъуэкIыжынущ», - жиIэрт. Лэжьыгъэ IуэхукIи куэдым ядэIэпыкъуащ Илья. Зи лэжьэкIэр ищIэ, зи Iуэху зехьэкIэм щыгъуазэ щIалэхэр къуажэхэм, районхэм кърищурэ езым и деж IэнатIэ игъэувырт. «Сыт мыхэр зэрыпщIынур? Мы IэнатIэр зыхуэфащэ нэгъуэщIхэр мыбдежми къыщыдгъуэтыфынущ», - къыщыжраIи мызэ-мытIэу къэхъурт. АрщхьэкIэ абы IэнатIэ зритахэр зыхуэдэр езым ищIэжырти жэуапу яритт: «Мыхэр зи щIэныгъэкIэ, зи Iуэху зехьэкIэкIэ узытемыукIытыхьын щIалэхэщ, сыткIи дзыхь яхуэпщI хъунущ, абыхэм гъуэгу етын хуейщ». ИкIи зэманым къигъэлъагъуэрт езыр шэсыпIэ щIихьа щIалэхэр зэращыгугъам хуэдэу къызэрыщIэкIыр. Абыхэм ящыщ куэдым нобэ республикэм пщIэрэ щIыхьрэ щаIэу къулыкъу лъагэхэр щрахьэкI, шэч хэмылъуи, гуапэу ягу къагъэкIыж гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуауэ щыта цIыху щэджащэр.

Мэкъуауэ Илья илъэс 11-кIэ лэжьащ КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщIу. А зэманым къриубыдэу къэхъуакъым абы и лэжьыгъэм ныкъусаныгъэ гуэр къыщыхэкIаи и къалэным теухуауэ дагъуэ къыщыхуащIаи. Зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, пэжымрэ захуагъэмрэ сытым дежи япэ изыгъэщ цIыху гъуэзэджэм къыгурыIуэрт зыхэт гупым дежкIэ щапхъэу щытын зэрыхуейр. НэгъуэщIуи и напэм къыхуегъэзэгъынутэкъым. Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ зыдэлъ жьэгу пащхьэм къыщыхъуа Мэкъуауэм и нэхъыжьхэм зыхуаущияхэр и гъуазэу и гъащIэр ирихьэкIащ, къэзылъхуахэм, къызыхэкIа лъэпкъым зэрыхуэфэщэным, и Iуэху зехьэкIэкIэ абыхэм ныбжь зэрытримыгъэдзэным сытым щыгъуи хущIэкъуащ.

ЗэпIэзэрыту, гуащIафIэу щыт Илья къигъэлъэгъуащ суд IэнатIэм гурэ псэкIэ зэрыхуэлажьэм и щапхъэ. Зыпэрыт Iуэхум зэрыхуэхьэлэлымкIэ, и лэжьэгъухэм, ныбжьэгъухэм, Iыхьлыхэм зэрахуэпэжымкIэ абы хеящIэм и нэмыс лъагэр нэхъри иIэтырт.

1998 гъэм щIышылэм и 1-м Мэкъуауэ Илья зигъэпсэхуну тIысыжащ. Пенсэм кIуа иужьи ар жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтащ, зи унафэщIу щыта гупым лэжьыгъэ и пIальэкIэ ядэгуашэрт, IуэхукIэ хэт къыбгъэдыхьэми зэрыхузэфIэкIкIэ дэIэпыкъуэгъуи чэнджэщэгъуи яхуэхъурт.

И дуней тетыкIа дахэмрэ и лэжьыгъэм псэхьэлэлкIэ зэрыпэрытамрэ къыхуахьащ Мэкъуауэм и пщIэ лъагэр. Ар республикэм и мызакъуэу Урысей Федерацэм и хеящIэ IэнатIэми къыщалъытэрт, и лэжьыгъэфIым папщIэ мызэ-мытIэу и цIэр фIыкIэ ираIуащ.

«Урысей Федерацэм и хеящIэхэм уэ пщIэшхуэ къыпхуащI квалификацэ нэхъыщхьэ зиIэ юристу, зи лэжьыгъэ и пIалъэ фIыуэ зыщIэ, дэтхэнэ Iуэху зэхэзэрыхьами пэжыр къыщызыгъуэтыжыф, Iэзагъышхуэрэ жыджэрагърэ зыхэлъ унафэщIу узэрыщытым папщIэ. Илъэс 20-м щIигъукIэ уэ хьэрэмыгъэншэу икIи лэжьыгъэ купщIафIэ щызэфIэпхыу суд IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ущыIащ. Гъуэгуанэ гугъу къызэбнэкIами, цIыхубэ хеящIэу лэжьэн къыщIэбдзэри, пхуэфащэ дыдэу уагъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщI къулыкъум.

1989 гъэм щыщIэдзауэ КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщIу улажьэкIэрэ, уэ пхузэфIэкIащ абы и дэтхэнэ унэтIыныгъэри ебгъэфIэкIуэн, хабзэхэр тэмэму къагъэсэбэпу, сыт хуэдэ Iуэхуми щыхэплъэкIэ хеящIэхэр набдзэгубдзаплъэу зэрыщытыпхъэм и щапхъэ нэс ухъуащ. Апхуэдэу уэ сытым дежи гулъытэ хубощI хеящIэхэм я щIэныгъэм, Iэзагъэм хагъэхъуэным.

Узыпэрыт IэнатIэм ущиIэ къалэнхэр зэфIэпхынымкIэ къэралым и деж щыпхь жэуаплыныгъэр уэ нэсу зыхыбощIэ, лэжьыгъэр фIыуэ плъагъуу, укъэзыухъуреихьхэм уи гулъытэ ялъыбгъэсу зэрыщытым уи зэфIэкIыр зыхуэдэр наIуэ къещI. Уи цIыхугъэ лъагэм, акъылыфIагъэм, зэчиифIагъэм къыпхуахьащ укъызыухъуреихьхэм къыпхуащI пщIэ лъагэр», - щыжеIэ УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и тхьэмадэ Лебедев Вячеслав Мэкъуауэ Илья и ныбжьыр илъэс 60-м щрикъум къыхуигъэхьа тхыгъэм.

Апхуэдэ щытхъу, фIыщIэ тхыгъэхэу Мэкъуауэм и лэжьыгъэфIым къыпэкIуахэр куэд мэхъу, апхуэдэуи абы иIэщ УФ-м, КъБР-м я ЩIыхь тхылъхэр, дамыгъэ лъапIэхэр. Абы къыфIащащ «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр.

Унагъуэ дахи иIэщ Мэкъуауэ Илья. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, лъагъуныгъэ, пщIэ, нэмыс яку дэлъу Ильярэ и щхьэгъусэ Зинаидэрэ илъэс 47-кIэ зэдэпсэуащ. Абыхэм я щIалэ закъуэ Аскэр адэм и лъагъуэм ирикIуэжащ, юрист IэщIагъэр къыхихауэ, абы иролажьэ.

Мэкъуауэ Илья и къуэрылъхухэр и гъусэу. *1998 гъэ*

Мылъкур уэсэпсу зэрыщытыр, улажьэмэ, гугъу зебгъэхьмэ, абы фIыгъуэ къызэрыпэкIуэнур, хабзэ, нэмыс пхэлъмэ, укъэзыухъуреихьхэр плъытэмэ, уи пщIэр лъагэу зэрыщытынум сытым дежи и щIэблэр хуиущийрт адэм, адэшхуэм.

Ильярэ Зинаидэрэ фIыгъуэ нэхъыщхьэу яIэу къалъытэр я къуэрылъху хъыджэбз цIыкIуищрати, абыхэм я ехъулIэныгъэм иригушхуэу гъащIэр зэдрахьэкIырт... Апхуэдэу екIуэкIащ мы гъэм щIышылэм и 3 пщIондэ - Илья дунейм ехыжыху. Ар гъащIэм и хабзэщ, дунеишхуэм уахъты зимыIэ теткъым...

Мэкъуауэ Илья и ныбжьыр нобэ илъэс 75-рэ ирикъунут. Щхьэгъусэ тыншу, адэ, адэшхуэ гумащIэу, ныбжьэгъу пэжу, лэжьакIуэшхуэу щыта цIыху щыпкъэр зыцIыхуу щыта псоми я гум фIыкIэ къинащ, къызэринэкIахэри абы и фэеплъ нэхум хуэпэжу дунейм тетынущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылэс Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еплIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэлэжьакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзэхэм яхуэхьыр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэхэм хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редакторхэу Жэмыхъуэ Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэхъан ФатIимэ. КомпьютерыкI газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, сурэтхэм елэжьар Бищу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 5.000 • Заказ №953